ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№56 (23.714) ● 2018 гъэм майм (накъыгъэм) и 4, мэрем ● Тхьэмахуэм щэ хъыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къабэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэшхуэм теухуа и хъуэхъу

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхухэу пщІэ зыхуэсщІхэ!
Накъыгъэ махуэшхуэмкІэ си гуапэу сынывохьуэхьу.

Ди къэралым и тхыдэ гъуэгуанэ кІулейр къэзыгъэльагъуэ а махуэр ноби кІонэ мамырыгъэмрэ лэжьыгъэмрэ, цІыхум зызымыхъуэж и лЪапІэныгъэхэм я наГъыщІэу.

Мамырыгъэ, фІыгъуэ къызыпыкІ лэжьыгъэращ къэзэзыгъэпэщцІфынур зэпІэзэрыт, зыхуейр щагъуэт гъащІэ диІэныр, иджырей, зэщІэгъагъэ Къэбэрдей-Балъкъэр ухуэнымкІэ ди мурадхэмрэ хъуэпсапІэхэмрэ къыдэхъуЛІэныр. Си фІэщ мэхъу, зэкъуэтыныгъэмрэ зэдэІэпыкъуныгъэмрэ, ерыщагъымрэ къимыкІуэтыныгъэмрэ, Іуэхум творческэу бгъэдыхьэным ди лъэпкъым и мурадхэр зригъэхъулІэну Іэмал къратынущ.

Узынщагъэ быдэ, гъатхэ гукъыдэж, насып, зэІуэпэщыныгъэ, екъулІэныгъэщІэхэр фиІэну сынывохьуэхьу!

Балъкъэр лъэпкъым и къэщІэрэщІэжыныгъэм и махуэм ирихьэлІэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий цІыхухэм зэрехъуэхъур

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхухэу пщІэ зыхуэсщІхэ!

Балъкъэр лъэпкъым и къэщІэрэщІэжыныгъэм и махуэмкІэ си гуапэу сынывохьуэхьу.

Мы махуэшхуэр щыхьэт тохъуэ балъкъэр лъэпкъым, тепщэныгъэр зыІыгъахэм я щхьэзыфІэфІагъэрэ цІыхугъэншагъэкІэ щалъхуа щІыпІэр ильэс 74-рэ ипэкІэ зрагъэбгынам, екьэлІауэ тхыдэм и пэжымрэ захуагъэмрэ зэрызэфІэувэжам. Гугъуехьымрэ хьэзабымрэ къыдэтражъутэфакъым фІым зэрыщІэхъуэпсыр. И натІэм къритха гугъуехь хьэлъэхэр лІыгъэ хэлъу игъэвауэ, щалъхуа щІыпІэм кІигъэзэжри, ар жьиджэру хыхьащ гъащІэщІэр зэфІэгъэувэжыныкІэ лэжьыгъэм. Абы лъандэрэ блэкІа ильэсипщІкъм кІуиубыдэу, и къэралигъуэр зэрызэфІэувэжам къыдэкІуэу, балъкъэр лъэпкъым хузэфІэкІащ экономикэ, щэнхабзэ ухуэнигъэм ехьулІэныгъэфІхэр щызэригъэгъэтыну, и псэкупсэ, интеллектуальнэ зэфІэкІым хигъахъуэну. Си фІэщ мэхъу, Урысей Федерацэм лъэпкъ куэду зэхэт и унагъуэм хыхьэкІэрэ абы и социально-экономикэ зыужьныгъэм адэкІи зэрыхигъэхъуэнум.

Къуэш балъкъэр лъэпкъым, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу дэтхэнэми нобэ сехъуэхъуну сыхуейщ мамырыгъэ, насып, зэІуэпэщыныгъэ яІэну.

Зэплъахэм арэзы тохъуэ

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий ди республикэм и ухуэныгъэ зыбжанэм мэлыжьыхьым и 29-м щыІащ.

ЯПЭУ ар кІуащ «Кавказ» Р-217 федеральнэ гъэзэгумрэ «Щхьэлыкъуэ-Каменкэ» автомобиль зекІуапІэм и зэхэкІыпІэм деж щыдращІея лъэмыжьщІэмрэ. КилометритІым щІигъу зи кІыхьагъ къекІуэкІыпІэр ипэжьпІэкІэ хъэзырщ, зыхуеину псомкІи къызэгъэпэщащ: уэшхьыпс къежэхьыпІэхэр иІэщ, гъэзэгугъэлъагъуэ нагъыщэхэр щагъэуващ, Іэгъуэблагъэр жэщым къэзыгъэнэху уэздыгъэхэр щыпадзащ, гъуэгум и гъунэхэр ягъэбыдащ.

- Мы дызыІупльэ ухуэныгъэщІэр УФ-м и Президент Путин Владимир и унафэкІэ зэхалъхьа программэр гъэззщІэным хуэунэтІа Іуэхугъуэхэм ящыщщ, - къыхигъащащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий, Щхьэлыкъуэкъуэкъэм дэс нэхъыжьыфІхэм щепсэльыльІэм. - А программэм республикэр зэрыхьхьам и фІыгъэкІэ инвесторхэри диІэ хъуащ, транспортым я зэблэкІыпІэ нэхъыщхьэхэри едгъэфІакІуэ зэпытщ. Гъэзгу зэхэкІыпІэм и мыхьэнэр инщ цІыхухэм я шынагъуэншагъэр кІыхьэгъэпэщыныкІи. Къэпщытэныгъэхэм кІыхьэрагъэльэгъуамкІэ, иужьрей ильэс 20-м кІуриубыдэу мы щыпІэм автомобиль зэжьэхэу куэд къыщыхъуащ, цІыхухэри щыхэкІуэдащ.

И кІэм нагъэблэгъащ «Ищхьэрэ» («Северный») зи фІэщыгъэ автовокзалышхуэр ухуэнри. Абы, зы жэщ-махуэм кІуриубыдэу, Іуэхутхьбзэхэр щыхуащІэфынущ цІыху минищым щІигъум. Мыбы псори щызэпалъытащ: кърагъэблагъэхэмрэ ирагъэжььэжхэмрэ я шынагъэншагъэри, ныкъуэдыкъуэхэр лъэпощхьэпоунШэу щызэхэзекІуэнри.

Вокзал комплексым метр зэбгъуэзнатІэу мини 7-м щІигъу къызэщІеубыдэ. КъыщызэІуахынур мы гъэм и кІэухырщ.

- Лэжьыгъэшхуэ зэфІагъэкІащ. АтІэми, ухуакІуэхэр еплъщІэкІ пэтми, фІагъыр зыщагъэгъупщэ хъунукъым, - жиІащ КІуэкІуэ Юрий.

КъБР-м и Іэтащхьэм щхьэхуэу и гугъу ищІащ Іуэхуащ ІапІэр, абы и Іэшэльашэр террорист щІэпхъаджагъэхэм, мафІэсхэм ящыхьумэн зэрыхуейми, къабзагъэ и лъэныкъуэкІэ кІыхьзыхуэтшэу къызэрызэгъэпэщыпхъэмри, щхьуантІагъэхэмкІэ зэрыгъэдэхапхъэми.

Жьэжьей узым щоІэзэ

Республикэм и Унафэщ щІыр зи пашэ гупыр а махуэм щыІащ Налшык къалэ дэт клиникэ сымаджэщ №21-м и пщІантІэм къыщызэІуаха амбулаторэ диализ комплексми.

Зи пэшхэр метр зэбгъуэзнатІэ мини 3-м щІигъу унэшхуэм хэтщ поликлиникэ къудамэр, Бэрбэч Хьэтіутіэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым терапевтимкІэ и кафедрэм и еджапІэ-методикэ корпусыр, амбулаторие Іэмалхэмкіэ диализым щеІэзэ центрыр, нэгъуэщІхэри. Комплексым зи жьэжьейм лажьэ зиІэ цІыхуи 180-м щІигъум зы мазэм кІуриубыдэу щыкІэлъыплъыфынущ.

Сабий гъэсапІэ-еджапІэщІэ къыщыунэхунущ

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий къыкІэлъыкІуэу щыІащ республикэм и къалащхьэм сабийхэм папщІэ щауху нэгузэгъэужьыпІэщрагъаджэ комплексми. Ар къыщыунэхуащ Къэбэрдей уэрамым и лъэсырызекІуэ Іыхьэм. Абы хэтынущ шахмат джэгукІэм щыхуагъасэ, гъуэзджэ Іэщіагъэхэмкіэ лъэщапІэхэр, нэгъуэщІхэри. Къащыгъупщакъым зи Іэпкълъэпкъым дагъуэ иІэ сабийхэри. Апхуэдэхэм пэш щхьэхуэхэр хухахащ.

Мы зэманым Іэхуащ Іапізщіэм и ухуэныгъэм зыхуеину Іэмэпсымэхэр кІэзыхуэтыншэу ирашалІэ, ирахьэлІэри иджырей мардхэм къитІасэ, фІагъ лъагэ зиІэ пкъыгъуэхэрщ. Абы и ухуэныгъэ нэхъыщхьэр мы лъэхъэнэм и кІэм нагъэблэгъащ.

ТехнологиещІэхэр я щІэгъэкъуэну дращІея унэщІэм Къэбэрдей уэрамым и лъэс зекІуапІэр нэхъри игъэдэхэнущ. Комплексым щрагъэкІуэкІыну шахмат зэпеуэхэм, гъуэзджэмкІэ семинархэм, дерс зэмылІэужьыгъуэхэм сабий куэд къекІуэлІэну хуагъэфащэ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Гу зылъытапхъэ

«Адыгэ псалъэм» Іэ тевдзэ

Пщіэ зыхуэтщІ ди щІэджыкІакІуэхэ!

2018 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м щІидзауэ «Урысеймипощт» федеральнэ Іуэхущ Іапізм и къудамэм - КъБР-м пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм - ирегъэкІуэкІ 2018 гъэм и етІуанэ мкІэ ныкъуэм къыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ трегъэдзэныр.

Республикэм ди анэдэлъхубзэкІэ къыщыдэкІ газет закъуэм - «Адыгэ псалъэм» - Іэ щытевдзэ хъунущ КъБР-м и пощт Іуэхущ Іапізхэм. Газетыр унэм ныфхуахьынущ е, апхуэдэ Іуэхутхьбзэр нэхъ къафщтэмэ, пощтхэм къыщыватьыжынущ.

«Адыгэ псалъэр» унэм ныфхуахьынумэ, и Іэ тедзапщІэр илъэс ныкъуэм сом 564-рэ кІэнлейкІэ 48-рэ мэхъу, ар пощтым къыщеІыфхыжынумэ - сом 511-рэ кІэнлейкІэ 44-рэ хуоэз.

Ди индексыр 51531

«Шагъдий вагъуэбэ»

● Лъэпкъ Іуэху

ТекІуэныгъэ Иным и махуэшхуэм и щІыхькІэ дыгъуасэ Адыгейм зекІуэ щежьащ шууеи 100-м щІигъу. «Шагъдий вагъуэбэ» зыфІаща Іуэху дахэм хэгъэрейхэм къыщынэмыщІауэ, хэтщ Къэбэрдей-Балъкъэр. Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм, Краснодар крайм икІахэр.

АДЫГЭ фащэкІэ зэщыхуэпыкІа шууейхэм я гъэзэуанэм къыщыщІдзащ Адыгейм хыхь Ассэхъулей жылэм. Накъыгъэм и 7-м ахэр къекІуэлІэжынущ Тохьутэмыкъуей къужжэм.

ЗекІуэр зэрыщыІэну махуитхум къриубыдэу шууейхэм зэщІагъэхьэнущ Тэучэж, Тохьутэмыкъуей районхэр, Адыгейск къалэр. Жэщгъуэлъ ахэр къыщыІэтеувыІэнущ Понэжьыкуей жылэм, Адыгейск къалэм, Бжьигъэкъуеижь, Іэфлыпсипэ къуажэхэм. Псори зэхэту шыхэм къызэранэкІынущ километр 260-м нэблагъэ.

ЗекІуэм кІэух хуэхъунущ Тохьутэмыкъуей жылэм щекІуэкІыну шыгъажэр. Метр миниц зи кІыхьагъ гъэзэуанэм шууейхэм я зэфІэкІ щагъэльэгъэнущ икІи саугъэт льапІэхэм щыщІэбэнынущ.

«ТекІуэныгъэ Иным и щІыхькІэ зэхэдубла шу зекІуэм и кІалэн нэхъыщхьэр щІыхухэм я хэкупсэр къэгъэушынырщ. Абы къыдэкІуэу ар хуэунэтІащ адыгэ щэнхабзэм зегъэужьыным, адыгэшым и пщІэр къэІэтыжыным, шы гъэхъуныр республикэм къыщыдэхыжынм. Мы Іуэху дахэр ильэс къэс едгъэкІуэкІыну ди мурадщ», - къыджиІащ «Адыгэ Хасэм-Шэрджэс парламентым» и тхьэмадэ ЛІымыщэкъуэ Рэмэзан.

Нэгъабэ ягъэ зэхаублауэ щытащ зи гугъу тщІы шу зекІуэр. Абы щыгъуэм шууей 35-м махуищым къриубыдэу зэщІагъэхьащ Куэшхьэблэ, Щоджэн, Красногвардейскэ районхэр икІи Мейкъуапэ къекІуэлІэжащ.

Мы гъэм екІуэкІ зекІуэм хэтщ Къудей Аслъэн зи пашэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Шууей хасэм» и шы 45-рэ. Гъуэгуанэ згъурлы теувауэ Тхьэм къыщІигъакІ!

ХЬЭТАУ Ислъам.

● Махуэшхуэ зэхьхьэхэр

Гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэкІэ гъэнщІа

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий хэтащ республикэм и щыхьэрым щекІуэкІа Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэшхуэ зэхьхьэм.

НАЛШЫК Лениным и уэрамым ирикІуащ цІыху мини 10-м щІигъу.

Къэбэрдейр Урысейм и фІэфІыныгъэкІэ зэрыгухьэрэ ильэс 400 щрикъум и щІэкІэ щыІэ утым дех пщэдджыжьым щызэхуэсат интеллигенцэр, къэрал къулыкъущІэхэр, парт, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр, хьэрычэтыщІэхэр, ветеранхэр, а псоми я гукъыдэжыр къэзыІэт щІалэгъуалэр. ГуфІэгъуэм кърихьэлІа псоми я гурыгъу-гурыщІэр къызэрыщ, къэкІуэнум фІыкІІ зэрыщыгугъыр къызытещ плакатхэр щІалэгъуалэм яІыгът, лъэпкъ фащэхэмкІэ хуэпа гъуэзджэм и лІыкІуэ, макъамэ дахэр зыгъэІухэм, къафэхэр зэхэзыубла студентхэм гукъыдэжыр нэхъри къаІэтырт.

КъБР-м и Парламентым, Правительствэм, республикэм и профсоюзхэм я унафэщІхэр, Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и депутатхэр, къулыкъущІэхэр, политикэ партхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, еджапІэ нэхъыщхьэхэм я лІыкІуэхэр я пашэу махуэшхуэм хэтхэр Лениным и проспектым ирикІуащ.

ЗэгурыІуэныгъэм и утым деж гуфІэгъуэм хэтхэм гъэсэ къащыхуэхъуащ КъБР-м и Іэтащхьэ **КІуэкІуэ Юрий**. Утыр зыгъэдахэх, къалэдэсхэм фІыуэ ялъэгъуа, зэрыгушхуэ псыутхымкІэ яунэтІри, налшыкдэсхэмрэ къалэм и зэщІэхэмрэ еплъащ къыхэрагъэпэща концертым, махуэшхуэр гъэщІэгъуэну, нэгузыужьу зэдагъэлъэпІащ.

ГуфІэгъуэ зэхьхьэм хэтахэм ящыщ куэдым адэкІэ я нэгу зыщрагъэужьыну, зыщагъэпсэхуну яунэтІащ Хьэтіохъущоцкъуэм и хадэм. Коммунистхэм Ленин Владимир и фэеплъым деж удз гъэгъахэр тралъхьэри, махуэшхуэр зэхьхьэм щыпащащ къалэ паркым.

УАРДЭ Жантинэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыпІэхэм Накъыгъэм и 1-р зэрыщагъэлъэпІар

Аруан щІыналъэ

Ныпхэр, удз гъэгъахэр, къыхуеджэныгъэхэр

Ди республикэм Іэтауэ щагъэлъэпІащ Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэшхуэр. Аруан щІыналъэм и къалащхьэ Нарткъалэ Іуэхугъуэ куэд къыщыІэзэрагъэпэщащ гуфІэгъуэ, зыгъэпсэхугъуэ махуэм.

НЫПХЭР, удз гъэгъагъэр, мамырыгъэм, зэгурыІуэныгъэм, лэжьыгъэ хьэлэлым щыхубэр къыхуэзщІэзэгъэуІуэ къыхуеджэныгъэр, шар гъэпща зэмыфэгъуэхэр щыкуэдт накъыгъэм и 1-м нартхэм я къалэм. Ахэр щыфІэдзат къулыкъущІапІэхэм, районым щылажьэ Іуэхущ Іапізхэм я щІыхьапІэхэм.

Махуэр уэфІу, дыгъэпс дахэу нэху къэкІати, зи пщэдджыжь Іуэхуэр зэфІэзыха щІыхуэр уэрамхэм къыщыхьэрт. Абыхэм яхэтт нэхъыжьхэри, зи щІалэгъуэхэри, ныбжьыщІэхэри, сабийхэри. Нарткъалэ щылажьэ нэгузегъэужьыпІэхэм шхапІэхэмри зыхуагъэхьэзрат гуфІэгъуэр къызыхуэтыншэу егъэкІуэкІыным, щІыхуэхэм я дэрэжэгъуэмрэ гукъыдэжымрэ нэхъри къэІэтыным. ЩхьуантІагъэмрэ удз гъагъэ зэмылІэужьыгъуэхэмрэ щыкуэд къалэр паркым и тепІыхьэпІэхэм тест гуапагъэр зи нэгум кьищ зэщІыхуГъэхэр. Паркым и джагупІэ утыку щыкІуэхэм сабийхэр щыкуэдт. Абыхэм папщІэ джэгукІэ зэхуэмыдэхэр къызэрагъэпэщат ар зи пщэрылъ ІэщіагъэлІхэм. Джэгунрэ къэжьыхьынкІэ ирикъуа щыкІуэхэр адэ-анэхэм, анэшхуэ-адэшхуэхэм ягъафІэрт, Іэфыкъікіэ, псыІэфІкІэ, морожнэкІэ яхуэупсэу.

Район унафэщІхэр зи пашэ гупышхуэ Налшык щекІуэкІ махуэшхуэ пэкІум къэкІуами, щыпІэ администрацэм щэнхабзэмкІэ и къудамэм и ІэщіагъэлІхэм я нэІэ трагъэтащ щыхубэм гуфІэгъуэ махуэр екІуу къахуэзгъэпэща хъуным. Гумрэ псэмрэ зэщІэзыІэтэ макъамэхэм пщэдджыжьым жьыуэ къІэун щыщІадзащ Нарткъалэ дэт щэнхабзэмкІэ районпсо уардэунэм. Абы щекІуэкІа гуфІэгъуэ концертым хэтащ Аруан щІыналъэм щылажьэ творческэ гупхэм, къалэм, къуажэхэм дэт курыт школхэмрэ сабий гъэсакІэхэмрэ я лІыкІуэхэр. Абыхэм ягъэзэщащ мамырыгъэм, гъатхэм, лэжьыгъэм ятеухуа хэкупсэ уэрдэхэр, кьеджащ усэхэм. Уардэунэм и гупэм кьит утыкушхуэм деж къыщызэрагъэпэща гъэлъэгъуэныгъэр удзэзыхьэхт, щІэщыгъуэт. Абы къыщыгъэлъэгъуат щІыпІэм и еджапІэхэм, сабий садхэм я гъэсэн зэчиифІэхэм, Іэпщ Іэлъапщ Іэхэм я зэфІэкІхэр. Гъэлъэгъуэныгъэм увыпІэ щхьэхуэ щиубыдырт Сабий творчествэмкІэ центрым екІуапІэ ныбжьыщІэхэм ящІа сурэтхэм, пхъэм къыхащ Іыкіа хьэпшыпэмыЛІэужьыгъуэхэм, Іуданэ зэмыфэгъуэхэмкІэ зэІуаща уагъэ дахэхэм. А псоми я дамыгъэт гуфІэгъуэ махуэшхуэм и нэщэнэхэр: гъатхэр, уафэ къащхьэр, щІылъэ щхьэантІэр. ЩІыпІэпсо гуфІэгъуэр адыгэ джэгу дахэкІэ зэхуащІыжащ.

Махуэр хэкІуэтэху загъэпсэхуащ цІыхухэм. ПщыхьэщхьэхуэкІуэу зэбгрыкІыжхэм я нэгум кьищырт махуэм зыхащІа дэрэжэгъуэмрэ ягъуэта гукъыдэжымрэ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Тэрч щІыналъэ

Щомахуэ Заур защІегъакъуэ

Ди къэралым и дэнэ щІыпІэми хуэдэу, накъыгъэм и 1-м Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэшхуэр Джылахьстэней щІыналъэми щагъэлъэпІащ.

ТЭРЧ къалэ дэт зыгъэпсэхупІэ хадэм къыщызэрагъэпэща гуфІэгъуэ зэхьхьэм цІыхур щІыІуат. ЩІыналъэм и уэрэджьыкІуэжьэм къафакІуэ гупхэмрэ гуимыхуж концерткІэ яхуэупсащ къызэхуэсахэм.

ГуфІэгъуэр ялъэІэсащ районым и къуажэхэмри. Махуэшхуэм и щІыхькІэ абыхэм спорт зэхьэзэхуэхэр щекІуэкІащ. Апхуэдэу, Инарыкъуей щыІа лъакъуэрыгъажэ зэпеуэм илъэси 10-м щыщІэдзауэ 75-м нэс зи ныбжьыр къриубыдэхэр я зэфІэкІ щеплъыжащ. Гупихыу зэщхьэщыхаэ а зэхьэзэхуэм хэтахэм ящыщу пашэныгъэр къыщызыхьэхэр ахъшэ сауГъэтрэ щІыхь тхылъхэ яГъэлъэпІащ. А Іуэхум мылъкукІэ зыщІэзыгъэкъуар хьэрычэтыщІэ Щомахуэ Заурщ. Адыджрым бэнэкІэмкІэ щызэпеуащ Акъбащ Ипщэ къуажэм. 2004 - 2006, 2007 - 2009 гъэхэм къалъхуауэ ныбжьыщІи 185-рэ Тэрч, Май щІыналъэхэм, Налшык къалэ щыщу хэтащ абы.

Шахматхэмрэ шашкэхэмкІэ «Ладья» клубым езым и гъэсэнхэм я деж зэхьэзэхуэ щриГъэкІуэкІащ.

ВолейболымкІэ Тэрч щІыналъэм и гупыр Осетие Ищхьэрэ - Аланием ирагъэблагъэри турнир зэІухам хэтаи, ящэ увыпІэр къахьащ.

ТЭРЧОКЪУЭ Дисэ.

● КъБР-м и Парламентым

2017 гъэм зэфІагъэкІахэр къапщытэж

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ! Егоровэ Татьянэ зи чэзу зэlущ!эр иджыблагъэ иригъэкlуэкlащ.

ДЕПУТАТХЭР арэзы техъуащ Шэрэдж районым и суд Іуэхущ!апІэ № 2-м ззыгъэкІуж хеищІэм и къулыкъум Абазэ Хьэсэн, Іуащхьэмахуэ районым и суд Іуэхущ!апІэ №2-м - Бабыгуей Къасболэт, Налшык къалэм и суд Іуэхущ!апІэ №14-м - Хьэщхъуэжь Роман, Налшык суд Іуэхущ!апІэ №12-м - Шатиловэ Иринэ ягъэувыну къызэрагъэлъэгъуам.

ЗэІущІэм КъБР-м и Правительствэм 2017 гъэм зэфІигъэкІам теухуауэ къыщыпсэлъащ абы и Унафэщ! Мусуков Алий. Абы утыку кърихащ республикэм экономикэ, егъэджэныгъэ, щэнхабзэ, мэкъумэш, туризм, медицинэ и лъэныкъуэкlэ зыхуэнэсар.

- 2017 гъэр тыншу дыдэу екlуэкlауэ пхужыlэнукъым, ауэ щlыналъэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэр едгъэфlэкlуэн папщlэ зыхуэдгъэувыжа къалэнхэм дапэлъэщащ. Бюджетыр къыдэмэщlэкlами, щlыхухэм зэрызащlэдгъакъуэ lуэхутхьэбзэхэмрэ улахуэр етыныымрэ зэпыдгъуакъым, - жиlащ Мусуков Алий. - Къыхэгъэщыпхъэщ, Урысей Федерацэм и щlыналъэхэм яшыщу 2016 гъэм социально-экономикэ и лъэныкъуэкlэ зыужьыныгъэфl къазэрыгъэлъэгъуахэм Къэбэрдей-Балъкъэр зэращыщыр, абы и фlыгъэкlэ нэгъабэ федеральнэ бюджетым къыхэкlа сом мелуан 340-м щlигъу къызэтlэрыхьар. Дыщогугъ, 2017 гъэми апхуэдэ ехъулlэныгъэхэр къытхудэкlуэну.

Мусуков Алий къыхигъэщащ щlыналъэм езым къилэжьым куэд зэрельытар. Апхуэдэу 2017 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэм къилэжьыфа псор сом меларди 150-м щlигъуащ. Ар КИФЦl-м къыщыгъэлъэгъуа бжыгъэ нэхъыфlхэм ящыщщ. Республикэм къыщlэкlыр къэзыгъэ хъуныр зэпхахэм яшыщщ промышленностыр, мэкъумэшыр, къэхъуэт мыныымрэ курытымрэ, ухуэныгъэр. Мусуковым жиlащ промышленностым екъэлlауэ гугъуехьхэр щыlами, 2017 гъэм абы процент 100,8-рэ хэхъуэу зэриlар.

- «Этана» промышленнэ lуэхущlапlэм и ухуэныгъэм нэгъабэ пытщащ, апхуэдэуи Тырныауз вольфрам-молибден заводыр егъэжьэныным долажь. «Ростех» къэрал корпорацэр ди гъусэу, «lуащхьэмахуэ бгы руда комбинат» предприятэр къыздэгъэпщащ. Абы и дэфтэрхэр къыхуащ вольфрам-молибден рудакэр къэгъуэтынымкlэ, къыщlэхьынымкlэ ар хуит ищlу, - жиlащ Мусуковым. - Илъэс 20 мэхъу мы lуэхум ахъшэ къыхэзылъхьэнухэр зэрыдмыгъуэтрэ. Проект лэжьыгъэхэм илъэсрэ ныкъуэрэ текlуэдэнущ, адэкlэ комбинатым и ухуэныгъэм щlэддзэнущ. Фигу къэзгъэкlыжынщи, комбинатыр зэтедухуэжмэ, цlыху миным нэблагъэм lэнатlэ ягъуэтынущ.

Мусуковым зэрыжиlамкlэ, 2014 гъэм къыщыщlэдзауэ 2017 гъэм нэс республикэм и промышленностым зегъэужьыным ехьэлlауэ инвестицэ проект 13 ягъэзэщlащ, lэнатlэу 1243-рэ къызэрагъэпэщащ. А lуэхум псоми зэхэту сом меларди 4,5-рэ текlуэдащ. Къэпсэлъам къыхигъэщащ 2017 гъэм «Кавказ Ищхъэрэм и зыгъэпсэхупlэхэр» ООО-мрэ «Пома» франдьы lуэхущlапlэмрэ иджырей технологиехэр зи лъабжьэ lуэхущlапlэ зэрахуэнуур къыщыгъэлъэгъуа зэгурыlуэныгъэ зэрызэращlылlар. Абы ухуэныгъэ lэнатlэм lэщlагъэлlхэр щыхурагъэджэнущ, Урысейм и щыlэпlэхэм щагъэувыну кlапсэ гъуэгухэр щащlынущ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшу lэнатlэм щытепсэлъыхьым, Мусуков Алий жиlащ иужьрей илъэсиплlым абы къилэжьым процент 13-кlэ зэрыхэхъуар. 2017 гъэм мэкъумэш lэнатlэм къыщlигъэкlар сом мелард 46-м щlигъуащ. Гъавэу тонн зы мелуанрэ мини 160-рэ, хадэхэкlыу тонн мин 510-рэ lуахыжащ. 2016 гъэм а бжыгъэр еплъытмэ, процент 18-кlэ нэхъыбэщ. Псыщlыу къэкl жыгхэр гъэтlысыным щытепсэлъыхьым, Мусуковым къыхигъэщащ мы зэманым апхуэдэ хадэхэм гектар зы минрэ 773-рэ къызэрызщlаубыдыр. Илъэс къуэдкlэ къызэlыхыкlэ жыгхэр щlыгэктар мин 18-м нагъэсащ. Республикэм пхъэщхьэмыщхьэ, хадэхэкl хъумапlэу 23-рэ щыlэщ, ауэ ахэр процент 50-кlэ яхурикъу арыщ. Мусуковым мелуанрiамкlэ, 2018 гъэм пхъэщхьэмыщхьэрэ хадэхэкlыу тонн мин 20 щlэхъумэну хъумапlэу 4 яухуэну я мурадщ.

- Щlыналъэм и зыужьыныгъэр куэдкlэ елъытащ абы зи мылъку хэзылъхьэнухэр къызэрегъэшlэм. Къапщтэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым абы и лъэныкъуэкlэ УФ-м и щlыналъэ нэхъыфlи 10-м яхэтщ. Иужьрей илъэсхэм инвестицэ проект 20 дгъэзэщlащ, lэнатlэщlэ мини 2 къыздэгъэпщыну тхуэфlэкlащ, - пищащ Мусуков Алий. - Цlыхухэр тыншу зэрыпсэунымрэ республикэм и теплъэр егъэфlэкlуэнымрэ ди гулъытэм щlэдгъэкlыркъым. Абы и щапхъэщ Тырныауз къалэм къыщызэlутха автостанциещlэмрэ Налшык къалэм щlэдухуэ автовокзалыщlэмрэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и туризмэм зэрызиужьым къытеувыlащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщlыр. Абы зэрыжиlамкlэ, иужьрей илъэси 3-м щlыналъэм зыгъэпсэхуакlуэ къакlуэхэм процент 75-кlэ къахэхъуащ. Нэгъабэ республикэм къыщыгъэпсэхуахэм я бжыгъэр мин 457-рэ мэхъу.

Мусуковым жиlащ 2017 гъэм республикэм къыщlэкlа улахуэр ику иту сом мин 22-рэ 242-уэ зэрыщытар, ар илъэс илъэсым нэхърэ процент 6-кlэ нэхъыбэщ.

Республикэм лэжьыгъэшхуэ щрагъэкlуэкl узыншагъэр хъумэнымкlэ lэнатlэм ехьэлlауэ. Илъэситlым къриубыдэу, фельдшер-акушер lуэхущlапlэу 60 къызэlуахащ, 2017 гъэм зэрагъэпэщыжащ Узыншагъэр щрагъэфlакlуэ республикэ диспансерыр, Шордакъ, Былым, Курп Ищхъэрэ къуажэхэм амбулаторщlэхэр щаухуащ.

Егъэджэныгъэм и гугъу щищlым, къэпсэлъам жиlащ федеральнэ бюджетым къыхэкl ахъшэкlэ егъэджэныгъэ lуэхущlапlэхэр республикэм зэрыщаухуэнум теухуа зэгурыlуэныгъэ зыбжанэм lэ зэрыщlадзар. Мы зэманым курыт еджапlэхэр яухуэн щlадзащ Налшык къалэм, Нартыкъалэ, Ташлы-Тала. Аргуданрэ Белэ Речкэрэ сабий гъэсапlэхэр щаухуэ.

КъБР-м и Парламентым Социальнэ политикэмкlэ, лэжьыгъэмрэ узыншагъэр хъумэнымкlэ и комитетым и унафэщl Къэжэр Хъусен щlэупщlащ лъыс узыфэхэм пэщlэтынымкlэ медицинэ lуэхущlапlэхэр къэралым и щlыналъэхэм къыщызэlухыным теухуауэ зэхагъэувэну къэрал программэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэрыхыхьэну щlыкlэм.

- 2017 гъэм и дыгъэгъазэм Путин Владимир УФ-м и Правительствэм пщэрылъ щищlащ 2019 гъэм къыщыщlэдзауэ онкологие lуэхущlапlэхэм къэралым и щlыналъэхэм зэрызыщрагъэужьыным ехьэлlауэ программэ хэха зэхагъэувэну. Дэ а федеральнэ программэм зыхэдгъэхуэн папщlэ зыхуей дэфтэрхэр дгъэхьэзырщ, УФ-м Узыншагъэр хъумэнымкlэ и министерствэм едгъэхьащ. Ауэ ар зэрагъэзэщlэнур иджыри тэмэму убзыхуакъым, - жиlащ Мусуков Алий.

Депутат Попов Виктор Налшык къалэм дэт «Центральный» бзэзэрым иджыблагъэ къыщыхъуа мафlэсыр и тегъэщlапlэу, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщlым еупщlащ шынагъуэншагъэм къызэрызэрагъэпэщымрэ абы зэрыкlэлъыплъымрэ теухуауэ ирагъэкlуэкl лэжьыгъэм. Мусуковым жиlащ кlэлъыплъыныгъэхэр къызэзыгъэпщ lэнатlэхэм я лэжьыгъэм теухуа федеральнэ законым 2015 гъэм зэхъуэкlыныгъэхэр халъхьауэ зэрыщытар. Абы ипкъ иткlэ, 2016 гъэм щlышылэм и 1-м щегъэжьауэ 2018 гъэм дыгъэгъазэм и 31-рэ пщlондэ хьэрычэт мыинымрэ курытымрэ щрагъэкlуэкl хабзэ къэпщытэныгъэ lуэхухэр ягъэмэщlащ. Нэгъуэщlу жыпlэмэ, хабзэ и лъэныкъуэкlэ щыщlэныгъэхэр щыlэщ. Мусуковым къызэрыпльытэмкlэ, цlыху куэд щызэхуэс lуэхущlапlэхэр зэпымыууэ я нэlэ щlагъэтын хуейщ. «Кемерово къыщыхъуа гуузвэгъуэм ижькlэ, республикэм щlалэжьэ нэгузыужьыпlэхэмрэ зыгъэпсэхупlэхэмрэ (апхуэдэ lуэхущlапlэу 32-рэ мэхъу) къэпщытэныгъэ лэжьыгъэхэр щрагъэкlуэкlащ. Абыхэм я нэхъыбэм мафlэс шынагъуэншагъэмкlэ ныкъусаныгъэхэр яlэу къыщlагъэщащ икlи ахэр ягъэзэкlуэжыну пщэрылъ щащlащ», - жиlащ Мусуков Алий. - Къапщтэмэ, сабий нэгузыужьыпlэу, сату lуэхущlапlэ, спорт, щэнхабзэ lуэхущlапlэу республикэ псом иджыри 393-рэ къыщlэтпщытэн хуейуэ диlэщ. Абыхэм ящыщу 120-р ди lэщlагъэлlхэм, «Опора России» жылагъуэ lуэхущlапlэм хэтхэм я дэlэпыкъуэгъуныгъэкlэ къэтпщытащ, икlи, ди жагъуэ зэрыхъунщи, мафlэс шынагъуэншагъэм и мардэхэм темыхъуу 748-рэ къыщlагъэщащ».

КъБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкlэ, щlэныгъэмрэ щlалэгъуалэ политикэмкlэ и комитетым и унафэщl Азычэ Светланэ щlэупщlащ республикэм ясльэхэр къыщызэlухыныымкlэ зыхуагъэувыжа къалэнхэмрэ ар къазэрехъулlэнымрэ. Мусуков Алий жиlащ къалэнышхуэ зыпщlэдзауэ зи ныбжьыр илъэс 7-м нэсхэм папщlэ сабий гъэсапlэхэр хурикъуу щlыным иджыри къызэрелъэгъур, иджы мазитlым къызэрелъытэу, дэ къэкlуэну зэманым абы делэжьыну ди мурадщ. Къэбгъэлъагъуэмэ, а lуэхур дгъэзэщlэн папщlэ федеральнэ бюджетым 2018 гъэм сом мелуан 500 къыдет. Илъэситlым къриубыдэу къызэlутхуну ди мурадщ сабий 800 зыщыlэхэн яслъэ 18», - къыхигъэщащ Мусуковым.

Егоровэ Татьянэ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщlым фlыщlэ хуищlащ, ирагъэкlуэкl лэжьыгъэм купщlафlэу депутатхэр зэрыщигъэгъуазэм папщlэ, апхуэдэуи къапэщылъ къалэнхэр зэгъусэу ябзыхуну lэмал зэрэдэр зэригугъэр къыхигъэщащ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Абазэ Хьэсэн Хъызыр и къуэр Шэрэдж судыщlэ районым и суд участкэ №2-м ззэзыгъэкlуж и судыщlэм и къулыкъум гъэувыным и lуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100-нэ статьям и lыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117-нэ статьям и lыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зээзыгъэкlуж и судыщlэхэм я lуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ, 7-нэ статьяхэм япкъ иткlэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещl:**

1. Абазэ Хьэсэн Хъызыр и къуэр Шэрэдж судыщlэ районым и суд участкэ №2-м ззэзыгъэкlуж и судыщlэм и къулыкъум илъэситху пlалъэкlэ гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщl ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2018 гъэм мэлыжьыхьым и 24-м
№851-П-П

Бабыгуей Къасболэт lэбубэчыр и къуэр lуащхьэмахуэ судыщlэ районым и суд участкэ №2-м ззэзыгъэкlуж и судыщlэм и къулыкъум гъэувыным и lуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100-нэ статьям и lыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117-нэ статьям и lыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зээзыгъэкlуж и судыщlэхэм я lуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ, 7-нэ статьяхэм япкъ иткlэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещl:**

1. Бабыгуей Къасболэт lэбубэчыр и къуэр lуащхьэмахуэ судыщlэ районым и суд участкэ №2-м ззэзыгъэкlуж и судыщlэм и къулыкъум илъэситху пlалъэкlэ гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщl ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2018 гъэм мэлыжьыхьым и 24-м
№852-П-П

● Узыншагъэ

ІэнатІэр йофІакІуэ

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и цlыхухэм я гъащlэм и кlыхьагъыр илъэс 75,8-м нэсащ, ар Урысейм ику иту къыщыгъэлъэгъуа бжыгъэм - 72,7-рэ - нэхърэ нэхъ лъагэщ, - щыжиlащ КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкlэ и министр Хъубий Марат и унафэм щlэт lэнатlэр блэкlа илъэсым зэрылэжьар къыщапщытэж зэlущlэм. Ар къызыхэкlар цlыхухэр нэхъыбэу зэрыlыкlыу щыта узыфэхэм зэрыпэщlэт lэмалхэм къызэрыхэхъуарщ.

БЛЭКlА илъэсым елъытауэ лlэхэм я бжыгъэр процент 1,4-кlэ нэхъ мащlэ хъуащ. Апхуэдэу лъыр зэрызекlуэм (процент 12,9-рэ), зэрыбауэ органхэм (проценти 9,2-рэ), шхыныр гъэткlуным (проценти 4,7-рэ) епха узыфэхэм илlыкlхэм я бжыгъэр ехуэхащ. Лышх узыфэм илlыкlхэм я бжыгъэм процентти 3,4-кlэ хэхъуащ. Цlыху мини 100-м хуэзэу 137,2-рэ а узыфэ lейм ихьащ, Урысейм а бжыгъэр 196,9-рэ щохъу.

Къалъхуагъащlэ сабийхэ дунейм ехыжхэм я бжыгъэм процент 28,4-кlэ хэщlащ. 2016 гъэм ар проценти 6,7-рэ хъууэ арат.

Фlагъ лъагэ зиlэ технологие lэмалхэр къагъэсэбэпурэ цlыхухэм хуащlа медицинэ lуэхутхьэбзэхэм нэгъабэ елъытауэ щыкlэ хэхъуащ. Къэрал шэсыпlэмкlэ программэм ипкъ иткlэ, 2018 гъэм апхуэдэ дэlэпыкъуныгъэхэр цlыху 2100-м хуащlэнущ, ар нэгъабэрейм нэхърэ процент 23,3-кlэ нэхъыбэщ. 2018 гъэм и пэщlэдзэм щегъэжьауэ Республикэ клиникэ сымаджэщым, Кардиоцентрым, Къалэ клиникэ сымаджэщ №1,№2-хэм, Къалэн куэд щагъэзэщlэ районхэм ззэдай сымаджэщым, Перинатальнэ центрым, Республикэ сабий клиникэ сымаджэщым фlагъ лъагэ зиlэ медицинэ lуэхутхьэбзэхэр «травматологие-ортопедие», «гу-лъынтхуэ хирургие», «абдоминальнэ хирургие», «нейрохирургие», «акушерство-гинекологие», «офтальмологие», «урологие», «онкологие», «неонтологие», «жьэ къупщхьэ-нэкlу хирургие» унэтlыныгъэхэмкlэ цlыхуащlэ. Абы къыдэкlуэу апхуэдэ дэlэпыкъуныгъэхэр федеральнэ клиникэхэм щагъуэтынущ, 2017 гъэм цlыху 2420-м квотэкlэ абыхэм зыщагъэхъужащ.

lэщlагъэлlхэмкlэ къызэрызэгъэпэщам и гугъу щищlым, министрым жиlащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкlэ и lэнатlэхэм дохутыр 3376-рэ, курыт медицинэ лэжьакlуэу 8399-рэ зэрыщылажьэр. Зыхуэныкъуэ lэщlагъэлlхэмкlэ тэмэму къызэгъэпэщакъым район сымаджэщхэр. КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкlэ и министерствэм 2017 гъэм «мурад пыухыкlам ехьэлlа егъэджэныгъэ» программэмкlэ цlыху 20 еджапlэ щlигъэтlысхьащ. Нэхъапэкlэ игъэкlуахэм ящыщу lэщlагъэлl 13-м къаухащ, абыхэм ящыщу 10-р лэжьапlэкlэ къызэрагъэпэщащ.

Блэкlа илъэсым дохутыри 126-м, курыт медицинэ лэжьакlуэу 121-м я lэзагъэм хагъэхъуащ.

2017 - 2019 гъэхэм цlыхухэм пщlэншэу медицинэ дэlэпыкъуныгъэхэр егъэгъуэтынымкlэ Къэрал шэсыпlэмкlэ программэм къыщыгъэлъэгъуа уасэр сом мелуани 8334,1-рэ мэхъу: абы щыщу сом мелуани 6613,6-р фlэкlыпlэншэ медицинэ страхованэмкlэ щlыналъэ фондым, сом мелуан 1720,5-р республикэ бюджетым къыхэкlащ.

lэнатlэм къихуэупщыта мылъкур зытекlуэдари къагъэлъэгъуащ: улахуэм - процент 69,8-рэ, коммунальнэ lуэхутхьэбзэхэм - проценти 3,5-рэ, хущхъуэхэм - процент 16, ерыскъым - проценти 2,6-рэ, нэгъуэщl lуэхугъуэхэм - проценти 7,4-рэ.

- Ди лэжьыгъэм гулъытэшхуэ зыхуэтщlым ящыщ зыщ узыншагъэр хъумэнымкlэ lуэхущlапlэхэм я мылъкутехникэ лъабжьэр гъэбыдэныр, - къыхигъэщащ Хъубий Марат. - 2017 гъэм и кlэм нагъэсащ дохутыр-физкультурэ диспансерыр, Перинатальнэ центрыр, щlэ къызэlуахащ, республикэ психоневрологие диспансерым зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр щекlуэкlащ, Былым, Курп Ищхъэрэ жылэхэм фельдшер-акушер lуэхущlапlэхэр щаухуащ. Республикэ бюджетымрэ Яубзыхуа страховой гъэтlылъыгъэмрэ къыхэкl мылъкукlэ медицинэ lэмэпсымэу 80-м нэблагъэ къэтщэхуащ. Хэкум щащl автомашинэхэр дэlыгъынымкlэ программэм хэту республикэм санитар автотранспорту 18 къыlэрыхьащ. Ахэр районхэм щыlэ медицинэ lуэхущlапlэхэмрэ «Дэlэпыкъуэгъу псынщlэхэмрэ» иратащ. 2017 - 2018 гъэхэм къэрал-унейэ зэдэлэжьэныгъэкlэ гемодиализ центру 3 къызэlуахащ.Къапщыт къалэн нэхъыщхьэхэу министрым къыхигъэщащ лыых узыфэр зиlэ сымаджэхэм хуащlэ дэlэпыкъуныгъэхэр егъэфlэкlуэныр, цlыхухэм хуащlэ медицинэ lуэхутхьэбзэхэм я фlагъыр хэгъэхъуэныр.

- Ди лэжьыгъэм кърикlуэнур зыхуэдэнур куэдкlэ елъытащ цlыхухэмрэ дэрэ ди зэхуаку дэлъ зэхэщlыкlыныгъэм. Сымаджэщхэм я лэжьыгъэр зыхуэдэм, ар зерекlуэкlым жылагъуэр щыгъэгъуэзэн хуейщ социальнэ сайтхэмкlэ, ахэр зыщlэупщlэхэм я жэуапхэр абы щагъуэту, дохутырхэмрэ цlыхухэмрэ зэпыщlэныгъэ яку дэлъу щытыныкъым. Сымаджэхэм хущытыкlэфl хуиlэныр ар ехъулlэныгъэм и зы lыхьэфlщ, - жиlащ Хъубий Марат.

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкlэ и министрым и къуэдзэ Къуэлъуфэ Аслъэн дохутырхэм я улахуэм и гугъу щищlым жиlащ абы ику иту дохутырхэм сом 33 928,2-рэ, курыт лэжьакlуэм - сом 18 571,3-рэ, нэхъыщlэм - сом 13 886,7-рэ къызэрахуэ. «Гъэгу картэм» къигъэувыр гъэзэщlэныр дэтхэнэ зы медицинэ lуэхущlапlэм и унафэщlым и дежкlи къалэн нэхъыщхьэу къонэж», - жиlащ абы.

Лъготэ щхьэхуэхэр зиlэхэр хущхъуэкlэ къызэгъэпэща зэрыхъум и гугъу ищlащ республикэм узыншагъэр хъумэнымкlэ и министрым и къуэдзэ Хьэщlэлl Еленэ. Абы къыхигъэщащ гугъуехь нэхъыбэ здэщыlэр узыфэ нэхъ хьэлъэхэр зыпкърыт сымаджэхэр хущхъуэкlэ къызэгъэпэщыныр зэрыарар. Апхуэдэу республикэм цlыхуи 100-м щlигъу иrэщ, 53-р сабийуэ.

Фlэкlыпlэншэ медицинэ страхованэмкlэ щlыналъэ фондым и унафэщlым и къуэдзэ Къуэжей Рустам тепсэлъыхьащ я lуэхущlапlэм и лэжьыгъэм, Яубзыхуа страховой гъэтlылъыгъэр къагъэсэбэпкlэрэ я лэжьакlуэхэм я lэзагъэм хагъэхъуэнымкlэ, иджырей lэмэпсымэхэр къэщэхунымкlэ щыlэ хэкlыпlэхэм.

Зыпэрыт lэнатlэхэм щекlуэкl лэжьыгъэхэм зэlущlэм я гугъу щищlащ Республикэ сабий клиникэ сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ Гущэп Людмилэ, Тэрч район сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ Шихаматовэ Саламат.

КъБР-м и Парламентым Социальнэ политикэмкlэ, лэжьыгъэмрэ узыншагъэр хъумэнымкlэ и комитетым и унафэщl Къэжэр Хъусен жиlащ унэтlыныгъэм зыужьыныгъэфlхэр зэрыщыlэр, республикэм и цlыхухэм я тхьэгусхафэхэр нэхъ мащlэ зэрыхъуар икlи хабзэгъуэ lэнатlэмрэ министерствэмрэ быдэу зэрызэдэлажьэр, гугъуехьхэр зэфlэхынымкlэ дэlэпыкъуэгъу зэрахуэхъур. Апхуэдэу 2018 гъэм лъготэ щхьэхуэхэр зиlэ цlыхухэр хущхъуэкlэ къызэгъэпэщыным хухахам щlагъужынущ сом мелуани 169-рэ, узыфэ хьэлъэ зиlэхэм къыхуаутlыпщ мылъкум хэгъэхъуэным теухуа lуэхури зэрахуэ.

Зэlущlэм и кlэухым Къэжэр Хъусен КъБР-м и Парламентым и комитетым къыбгъэдэкlыу республикэм узыншагъэр хъумэнымкlэ и lэнатlэм пэрытхэм фlыщlэ яхуищlащ я лэжьыгъэфlым папщlэ икlи адэкlи ехъулlэныгъэхэм яlэну ехъуэхъуащ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩl Ланэ.

● Банк lуэхухэр

Зэрыщахуэ картэ мини 130-м щlигъу

Урысейм и Мэкъумэш банкым Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыдигъэкlа зэрыщахуэ картэхэм я бжыгъэр мини 130-м щlигъуащ. Абыхэм ящыщу 3000-р мы гъэр къызэрихьэрэ ягъэхьэзырщ.

ПРОЦЕНТ 74-р хухахащ Банкыым и «Улахуэ» проектым хэтхэм. Нобэкlэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыlэ lуэхущlапlи 155-м я лэжьакlуэхэм улахуэ зэрыратыр Урысейм и Мэкъумэш банкым и карточкэхэмкlэщ. Абыхэм я нэхъыбэр бюджет lуэхущlапlэхэщ.

Банкым и картэхэр къэзыгъэсэбэпхэм я бжыгъэр хэхъуэнымкlэ сэбэп мэхъу республикэм и щlыналъэхэм тегуэшауэ щыщыlэ банкомат 32-мрэ терминал 37-рэ зэрагъэуврэ. Къищынэмыщlауэ, сату-lуэхущlапlэ предприятэхэми щlэтщ электрон терминал 21-рэ.

«Урысейм и Мэкъумэш банкым и картэхэмкlэ улахуэр къызэратхэм яхуэгъэзауэ программэ щхьэхуэхэр диlэщ. Процент техьэр нэхъ мащlэу апхуэдэхэм банкым кредит къраlыхьыфынущ», - къыхигъэщащ Урысейм и Мэкъумэш банкым и КъБР-м щыlэ и къудамэм и лэжьакlуэ Бэрбэч Аслъэнджэрий.

Урысей Федерацэм и мэкъумэш-промышленнэ lэнатlэм епха lуэхущlапlэхэм кредит-финанс lуэхутхьэбзэ язэщlэнымкlэ лъабжьэ быдэщ «Урысейм и Мэкъумэш банк» АО-р. Ар къызэрагъэпэщащ 2000 гъэм икlи нобэ къалъытэ АПК-м и кредитор нэхъыщхьэу. «Урысейм и Мэкъумэш банкыр» ди къэралым щlалажьэхэм ящыщу нэхъ лъэщхэм, зи lуэхукур зэпlэзэрытхэм, мылъку хъарзыни зыбгъэдэлъ нэхъ банкышхуэхэм хабжэ. Абы и акцэхэм я процентти 100-р къэрал мылъкущ.

КЪЭХЪУН Бэч.

НОБЭ

♦Латвие Республикэм и щхьэхуитыныгъэм теухуа декларацэр къыщащта махуэщ. 1990 гъэм Латвие ССР-м и Совет Нэхъыщхьэм унафэ къищтащ Совет Союзым къызэрыхэкlыжым икlи къэралыгъуэ щхьэхуэ зэрыхъужым теухуауэ.

♦Япониэм щагъэлъапlэ Щхъуантlагъэм и махуэр

♦Китайм и Щlалэгъуалэм я махуэщ

♦1852 гъэм Щамил lимамым и нэибхэм ящыщ Хьэжы-Мурат, и гупыр и гъусэу, пащтыхьыдзэм щыщу кърагъэбыдылlа хуэмакlуэхэр зэтраукlэри щlэпхъуащ. Урысыдзэр къыщlэlэпри абыхэм якlэлъыпхъэращ икlи Хьэжы-Мурат гуузу яукlауэ щытащ.

♦1904 гъэм Панамэ кlэнауэр ухуэн щlадзащ.

♦1906 гъэм Инджылызым щыlэ хьэрычэтыщlэхэу, инженерхэу Ройс Генрирэ Роллс Чарльзрэ автомобиль лlэужьыгъуэщlэ къыщlагъэкlыу щlадзащ. Абы «Роллс-Ройс» фlащауэ щытащ.

♦1924 гъэм Париж къыщызэlуахащ VIII Гъэмахуэ Олимп джэгухэр. Ахэр накъыгъэм и 4 - бадзэуэгъуэм и 27-хэм екlуэкlащ.

♦1927 гъэм США-м къыщызэрагъэпэщащ кинотгъуазджэм и академие. Лэжьыгъэ нэхъыфlхэм хуагъэфащэ «Оскар» саугъэтыр зыгъэуври араущ.

♦1934 гъэм Москва Киномрэ унэ къыщызэlуахащ. Иджыпсту ар Кином и Унэ Нэхъыщхьэрщ.

♦1959 гъэм Налшык бжьамийкlэ гъэ къэшэу щlадзащ.

♦1979 гъэм Тэтчер Маргарет Инджылызым и премьер-министру ягъэуващ. А къулыкъум нэхъапэм цlыхубз зэи пэрыгъэтакъым.

♦2010 гъэм УФ-м и Президентым и Указкlэ Налшык къыфlащащ «Зауэ щlыхьым и къалэ» цlэ лъапlэр.

♦Совет актрисэ цlэрыlуэ, УФ-м и цlыхубэ артисткэ, Канны 1957 гъэм щекlуэкlа XI кинофестивалым и саугъэтыр («Летят журавли» фильмым папщlэ) зыхуагъэфэща Самойловэ Татьянэ къызэралъхурэ илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Абазэ Тхалуэ, КъШР-м и цlыхубэ усакlуэ Кlыкlуэту Микаэл и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦УФ-м и цlыхубэ художник, Урысейм и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща Шемякин (Къардэн) Михаил и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакlуэ, экономикэ щlэныгъэхэм я доктор, профессор, РАЕН-м и академик, УФ-м щlыхь зиlэ и экономист Щауэжь Хьэсэнбий и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

♦Урысейм щыlэ зиlэ и тренер, къэралым футболымкlэ и командэ къыхэхам, ЦСКА-м я тренеру щыта Слуцкий Леонид и ныбжьыр илъэс 47-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкlэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкlэ, Налшык пщэ техьэ-текlыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 26-рэ, жэщым градус 13 - 15 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЭКlЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ lущыгъэ:

Жыхапхъэщlэр фlыуэ мэпхъанкlэ.

Нартыхупкъэм щызэхуэзэжат...

● Къамыгупсыса хъыбар

КУЭД ЩlАЩ мыр къызэрыхъурэ. Зауэ нэужь илъэсхэрати, гъащlэр икъукlэ хьэлъэт. «Къуийм и щlыу гуэрэф» жыхуаlэм хуэдэу, абы гъейри къыхэхьэжати, цlыхур къулейсыз дыдэ хъуат. Псом хуэмыдэу тхьэмыщкlагъэ зытелъыр бынунагъуэхэхэрт. Мэжщlалlагъэм сабийхэр къызэрыргъэлънум псори телажьэрт. Апхуэдизкlэ а зэманыр хьэлъти, трудоденым къыпэкlуэу зы соми къратыртэкъым. Къратыным и пlэкlэ, илъэсым и «трудодень нормэр къэзымылэжьыфахэм» «примуд» къытралъхьэрти, ягъэтlысырт. Ди адэр мазихкlэ ягъэтlысауэ щытащ, трудодень тlощl ирикъуакъым жаlэри. Узэбэлъэбэнри а лъэхъэнэм шэ къэухым хуэдэт, бетэмалу зы нартыхущхьэ тэмыгъэкlыу хъунут. Апхуэди къэхъурт.

Атlэ, мис апхуэдэ зэман бзаджэм, гузэвэм ирихужьэри, ди къуажэ (Шэрэдж Ищхъэрэ) лlищ, Гъуэплъащlэ Тыкъи яхэту, тlэгъунэгъу станицэм щыlуахыж нартыхум жэщу дыгъуакlуэ кlуат, къэзырыз къащтэри. Къыдача щlагъуи щымыlэу урыс хъумакlуэр, уафэм къехуэхам хуэдэу, къажьэхэлъэдащ. Щыри шыбгъэкlэ къихуири ирихужьащ, станицэмкlэ еху. Мазэгъуэ нэхур тридзэу Тыкъэ щыуплъэм, хъумакlуэр къэуlэбжьауэ къэкlиящ: «Стойте!» Лlищри зэщыlэрыlукlащ къэгъуар къригъэувыlэу. Шы зытесым зыкърыгъэщэтхэри, хъумакlуэр Тыкъэ бгъэдыхьащ, и нэгум гупсэхуу иплъэри: «Уэ у-Тыкъэкъэ?» - щlэупщlащ. «Атlэ, сэращ», - итащ жэуап Тыкъэ.

Абджэкъым къэхъуар гуимыхуэт. Хъумакlуэм Тыкъэ зыкъыридзауэ lэплlэ къыхуещl, гумахэ хъуащи, зыхузэмылъыгъыу мэгъ. «Тыкъэ, си ныбжьэгъужь, ажалым сыкъыlэщlэпхауэ щытащ уэ! Пщlэжрэ уи комвзводыр, нэмыцэ зэрыпхъуагъуэхэм къаlэщlэгъуэт? Уэр нэмыщlамэ а шэшлъэ щlыпlэм си хьэдэр къинат, ауэ, насып сэ сиlэти, уэ сыкъебгъэлащ!» - жиlэурэ гуитlщхьитl хъуа Тыкъэ и бгъэм щlикъузэрт Алексей (арат ззэрджэр зэуэлl ныбжьэгъур).

Абджэкъым Тыкъэ псори и нэгум къыщыхьэжащ...

ЗАУЭМ и гуащlэгъуэт. Дэlэпыкъуэгъу зымыгъэта Уваров Алексей и взводыр нэмыцэм хьэхlэлъэкlэ къызэтрищlэрт. Хэкlыпlэншэт гупым и lуэхур. Комдивым и унафэкlэ абыхэм къызэкlуакlуэ къикlуэту щlадзащ. Арщхьэкlэ къаруушхуэм упэлъэщынт?! Ныбгъуэ зыщым хуэдэу мо щlылъэщlэхэм къызэтраукlэрт. «Мэзымкlэ!» - жиlэу гуо командирыр бийшэ бгъэдыхэм зэуэ хигъэщlащ. Къызэплъэкlахэм Тыкъэ къахэжри командирыр и плlэм дэлъу ирихьэжьащ...

Куэдрэ Тыкъэ къезэлъыхьыуа, щимыгъэтым зауэм хэкlуэдауэ зи гугъэ командирыр гуфlэгъуэм зэщlиубыдати, лlищми я къэпым нартыху из яхуищlри иутlыпщыжат, Тыкъэ деж хьэщlапlэ кlуэну къигъэгугъэри. Зэрыжиlам хуэдэ дыдэу, Уваровыр Тыкъэ хуеблэгъат, нартыху гулъэ хуишэри. Жаlэж, ирифыни, гуэдз хьэжыгъэ къэптlи ипlыгъауэ. Тыкъэ и бынитхум дежкlэ ар тыгъэшхуэт. Абы иужькlи Алексей куэдрэ Тыкъэ дэlэпыкъуауэ ягъэхъыбарыжырт.

Хэт и гугъэнт атlэ зауэлlитlыр зэман дэкlауэ нартыхупкъэм щызэхуэзэжынкlэ? Фlэщщlыгъуейщ мы хъыбарыр, ауэ пцlы хэмылъу къэхъуа lуэхущ.

ШЭДЖЫХЬЭЩlЭ Ленэ.

Фыдогъэблагъэ! ● Футбол

Урысей Федерацэм футболымкlэ и етlуанэ дивизионым и «Ипщэ» гуп Ешщlанэ джэгугъуэ

«Спартак-Налшык» - «lэфlыпс» (lэфlыпс)

Налшык. «Спартак» стадион.

Накъыгъэм и 4. Сыхьэт 16- м.

ІуэрыІуатэ - дыщэ пхъуантэ

Авар таурыхъхэр

ЗэкъуэшитІ

ЗэкъуэшитІ псэурт. Нэхъыщ1эр тхъэмыщк1эт, нэхъыжыр - къулейт. Абы къыхэк1ыу нэхъыжьым и шы нэхъыщ1эр зэпымыуэ Іумпэм ищ1ырт ик1и езым хуэдэу мылъку зыбгъэдэлъхэрт игъэныбжьэгьур.

Къуэш нэхъыщ1эр нэхъыжьым и деж хьэщ1апІэ к1ухук1э и ныбжьэгъухэм зэрыригушхуэр и напщ1эм тельу жи1эрт:

- Іыхьлыхэм сыт я пэрмэн, анэкъилъху къуэшри яхэту. Ныбжьэгъу пэжхэщ зыхуэбгъадэ хъун щымыІэр. Шэч къытесхьэркъым гуэзвэгъуэ сыхэхуэмэ, ахэр псом япэу къызэрыздэІэпыкъунум.

Зэгуэрым, къуэш нэхъыщ1эр щ1эк1ыжа нэужь, нэхъыжьым и щхьэгъусэм жи1ащ:

- Сызэригугъэмк1э, уи къуэшыр ц1ыху хъарзынэщ ик1и хуэмыфащэу и жагъуэ пщ1ыуэ къызолъэ1ытэ.

- Дауэ хъуми, си ныбжьэгъухэм апэсщ1ын щ1эк1ъым-тригъэчыныхьырт Іл1ым.

- Апхуэдэу щ1ыхъук1э, ахэр к1ыззрыпхуэпэжьр зэхэдгъэгъэк1, - къыхилъхьащ фызым.

- Дапхуэдэу ар къызэрыт1щ1эну? - щ1эупщ1ащ щхьэгъусэр.

- Бжэн дыук1ынщи, къэпым итл1ъхэнщ. Ар зэрымыщ1эк1э п1эщ1эук1а Іл1ым и хьэдэу яжетІэнщ. Уи ныбжьэгъухэмрэ уи къуэшымрэ щ1эпхъаджагъэр щ1этхъумэнымк1э къыддэІэпыкъуну захуэдгъэзэнщ. Абык1э тхуэзэгъэшынщ хэт нэхъ к1ыпхуэпэжми.

- Хъунщ, - абы арэзы техъуащ щхьэгъусэр ик1и жэщым и ныбжьэгъухэм хъыбар яригъэщ1ащ къадэІэпыкъуну.

Къуэш нэхъыжьым жи1ахэм едэІуа нэужь, нэхъыщ1эм псынщ1эу зихуэпэри, унэм къыщ1эк1ащ. Нэхъыжьым и пщ1антІэм ар щыдыхьэм, абы къэпыр и пл1эм ирилъхьэри, къыдэк1ыжыну зигъэхьэзыращ.

- Сыт мы къэпым епщ1эну уи мурадыр? - щ1эупщ1ащ къуэш нэхъыжьым и щхьэгъусэр.

- Нэху мыщ щ1ык1э зы щ1ыпІэ щызгъэпщк1ынщ.

- Абы уемыІуси нэхъыфІщ, иджыри дыхуеинущ, - жи1эщ къуэш нэхъыжьым и щхьэгъусэм, пэжыр къыхуиІуэтэжащ.

Ит1анэ, бжэныпыр яг1ъавэри, зэкъуэшхэр жэщ псом щысащ. Абы л1ъанд1эрэ къуэш нэхъыжьым и ныбжьэгъухэр хьэрэм ищ1ауэ и къуэш нэхъыщ1эр егъэныбжьэгъу, сыт-к1и дэІэпыкъуэгъу хуэхъуу.

Ямэщ1ык1э ар и ныбжьэгъу нэхъ гъунэгъу дыдэм и бжэм теуІуащ. Ар къыщ1эк1а нэужь, гухэщ1у жи1ащ:

- Гъэзвэгъуэшхуэ сыхэхуащ. Зэрымыщ1эк1э ц1ыху с1эщ1эук1ащ ик1и абы и хьэдэр зэрызгъэпщк1ужыну щ1ык1эр къыслухуэщ1эркъым. Укъызздэмы1эпыкъуфыну п1эрэт, си ныбжьэгъур?

Ныбжьэгъум сымаджэ хьэлъэуэ тхъэ и1уэу щ1идзэри, унэм къызэрыщ1эмыкІыфынур къыжри1ащ.

Е1уанэ и ныбжьэгъуми зык1и зыкъыщ1игъэкъуэфакъым, и щхьэгъусэр зэрысымаджэр и щхьэусыгъуэу. Адрей и ныбжьэгъухэм ар к1ырахужьэжащ, л1ыук1ым Іужу дащ1эну зэрыкуэмейр къыжрал1эри. И ныбжьэгъухэр зэщ1игъэхьэу псоми къыщагъэщ1эхъум, иужьым ар и къуэшым деж к1уащ.

Къуэш нэхъыжьым жи1ахэм едэІуа нэужь, нэхъыщ1эм псынщ1эу зихуэпэри, унэм къыщ1эк1ащ. Нэхъыжьым и пщ1антІэм ар щыдыхьэм, абы къэпыр и пл1эм ирилъхьэри, къыдэк1ыжыну зигъэхьэзыращ.

- Сыт мы къэпым епщ1эну уи мурадыр? - щ1эупщ1ащ къуэш нэхъыжьым и щхьэгъусэр.

- Нэху мыщ щ1ык1э зы щ1ыпІэ щызгъэпщк1ынщ.

- Абы уемыІуси нэхъыфІщ, иджыри дыхуеинущ, - жи1эщ къуэш нэхъыжьым и щхьэгъусэм, пэжыр къыхуиІуэтэжащ.

Ит1анэ, бжэныпыр яг1ъавэри, зэкъуэшхэр жэщ псом щысащ. Абы л1ъанд1эрэ къуэш нэхъыжьым и ныбжьэгъухэр хьэрэм ищ1ауэ и къуэш нэхъыщ1эр егъэныбжьэгъу, сыт-к1и дэІэпыкъуэгъу хуэхъуу.

Хъыджэбзымрэ нартхэмрэ

Ижь-ижьыжк1э уэІэбэк1ыжмэ, Дагъыстэным хыхьэ къалэхэм ящ1ыщ зым щ1ыпсэущ зи хахуагъэм ц1эрыІуэ ирихъуа щ1алэ. Абы зэрихьа л1ытэхэм кърик1уа щ1ытхъухэр къэралым къ1ущ1ымынэу дуней псом хэІущ1ыу щ1ыхъуат. Ауэрэ, къалэдэс нэхъ щ1алэ къуданхэр зым и ужьым иту адрейр дэк1уэдык1ыу хуежьащ. Гъэщ1эгъуэнратэкъэ, зы лъэужьи къагъанэртэкъым - ц1ыхухэр к1уэдырт, Іугъуэм хуэдэу.

Щ1алэ хахуэхэр гузавэ хъуащ - дэтхэнэми ч3зур къ1ылъысыну къ1ущ1ыхьурт. Апхуэдэу зи гугъу тщ1ы щ1алэ хахуэри гузэвэгъуэм зэщ1ИныгъэрТ, дапхуэдизу хъарууфІэми.

Гур зэрыгъум дыгъур ирожэ, жьхуиІэрати, жащ1ар хэк1уэтауэ абы и куэбжэм зыгуэр ину къ1ыеуІуащ ик1и «Къыдэк1!» жи1эу къэджащ. Щ1алэм дэк1ыну зигъэхьэзрат, ауэ абы хэту и щхьэгъусэм жи1ащ:

- Ныкъуэхуапэу хэт дэк1ыр? Л1ыр сытми хуэхьэзыру щ1ытын хуейщ. Сэ шым уанэр тесл1ъхэху, уэ зы-хуапи уи І1ащхэр зыпщ1эхэпл1ъхьэ.

Зи І1ащхэр зыпщ1эхэлъ щ1алэм зимыгъэгувэу куэбжэм дэк1ащ, уанэ зытелъ и шыр и І1эджэ. К1ыфым здыхэтыт абы къ1ыЗщ1эпл1ъэгъуащ шум и ужь иувэну тэрмэшк1э къ1ызэригъэлъэгъуар. Щ1алэр абы к1эл1ъык1уащ.

Ахэр къалэм дэк1ри, зыри жамыІэу гъэзгу техьащ, л1ы мыц1ыхур яп3 иту, щ1алэр абы и ужь иту:

А т1ур уардэунэ гъэрым гъунэгъу щ1ыхуэхъум, л1ы мыц1ыхум жи1ащ:

- Шыхэм я гъусэу къани къыспэлпэ.

Щ1алэм зыри жимыІэу ари игъэ3зщ1ащ.

Л1ы мыц1ыхур зэуэ к1ыфІым хэгъэущащ. Абы хэту уардэунэм зэрызехьэшхуэрэ І1ащ макърэ къ1ущ1ыуащ. Шыхэр л1ъэныкъуэк1э щ1эпхъуащ, арщхьэк1э щ1алэм ахэр къигъэувыІэжащ, и ІитІыр трилъэфрыжаУ. Нэхъ щэху к1ыззрыхъуу, л1ы мыц1ыхум къигъэзэжщ, сэшхэуэр илъэщ1ыжри, и шым шэсыжащ.

- Зыр хьэзыращ, - хэгупсысыхьауэ жи1эри шым е1эдэк1эуэжащ.

Щ1алэм зы псалъи жимыІэу абы и ужь иуващ.

Апхуэдэурэ ахэр иджыри уардэунитІым І1ухьащ ик1и а къэхъугъэхэм къ1ытрагъэзэжащ. Л1ы мыц1ыхур зыри жимыІэу блыным щхьэдэхырти зэрыхьэзриишхуэ, сэшхуэк1э я зэхэуэ макъ къэІурт. Ещанэ зэрызехьэшхуэрэ І1ащ макърэ зеуК1унТ1риеу къ1ущ1эк1ыжри, ерагъуу и шым шэсыжащ.

- Псори зэфІэк1ащ, - жи1эри, абы къалэмк1э иунэт1ыжащ. Пщэдджыжь пшэплъ къ1ущ1ыным, шуэхэр къалэм дыхьэжащ. Л1ы мыц1ыхум кхъэм хуэк1уэ гъэзугмк1э иунэт1ри, къат1агъащ1э мащ1эм хуэзанщ1эу и шым къепсыхщ, зэпэгъунэгъуу щ1ыт хъэлэгъунипл1ым ябгъэдыхьэри, и пы1эр щхьэрихащ. Абы и щхьэц1 к1ыхь дыщафэхэр и дамэм щ1ызэбгрык1ым, щ1алэм телъыджэ щ1ыхъуащ ар зэрыхъыджэбзыр.

Мыдэ къызэдаІуэ, щ1алэ хахуэ, - къригъэжьащ абы и хъ1ыбарыр. - Си дэлъхуищ1ыр си гъусэу, сэр нэхъ насыпыфІэ щ1ымы1эу къэсл1ыпэу куэд щ1атэкъым сызэрыпсэурэ. Ауэ си хьэгъуэл1ыгъуэм и пэ къихуэу жэщым нартищ я пщ1ал1хэр я гъусэу къ1ттеуэри, си дэлъхуищ1ымрэ си щ1ауэмрэ яук1ащ. А нартхэр сц1ыхурт, мызэмыт1эу къ1ысл1ъхьауэ, ауэ ахэр къэдгъэщ1эхъуауэ щ1ытащ.

Куэд щ1ауэ сыхущ1экъурт си дэлъхухэмрэ си щ1ауэмрэ ялъ сщ1эжу нарт бзаджэнаджэхэм я І1ыхьэ ял3ыгъэсэ1ыжыну, ауэ абы щхьэк1э уи дзыхь зэбгъэз хъун дэІэпыкъуэгъу сыхуэныкъурт. Сыщ1ыджэк1э я3ныкъуэхэр І1ащ1эшэу, адрейхэр джанэншэу, ещанэхэр щ1агъащ1эльъ къудейк1э къ1ущ1ак1ырт. Къалэ псом зы1л нэс къызэрыдэмынэжар гурыІуэгъуэ сщ1ыхъащ. Сыгубжри, си щ1ытхъур хьэдэ3дждэм хуэдэ а щ1алэхэр с1эщ1эук1ащ.

Ик1эм-ик1эжьым, уэ сыкъ1ущ1ыпteувы1эм, сыкъэбгъэщ1эхъуакъым. Ауэ, ар зи фІыгъэр уэрарэ уи щхьэгъусэрарэ сщ1эркъым.

Иужьрей уардэунэм сыщ1ащ1ыхьам, нарт зэкъуэшхэм я нэхъыщ1эм сызэрыл1ык1ыну уІэгъэр къызихащ. Си иужьрей уэсятыр къысхуэпщ1эну, си дэлъхуэм япэгъунэгъуу мы къэм деж сыщ1ащ1эпл1ъхьжыну сынолъэІу.

- Апхуэдэ псалъэхэр жумыІэ! - к1иящ щ1алэр. - Дохутыр нэхъыфІхэр къозгъэІэзэмэ, ильэс куэдк1э иджыри упсэнущ. Сэ - дэлъху, си щхьэгъусэр - шыпхъу дыпхуэхъунщ.

- УІэгъэ сымыхъуами, т1ум щ1ыгъуэми сылІэн хуейт сэ. Си Іыхьлыхэмрэ л1ъагъуныгъэ зыхуэсщ1амрэ си мыгъусэу сыпсэуну сыхуейк1ым! - жи1эри, хъыджэбзым и псэр хэк1ри у к1уриижащ.

Хьэлэлымрэ Нэпсеймрэ

Хьэлэлымрэ Нэпсеймрэ зэдэпсэурт. Ахэр насыпым и л1ыхъуак1уэ ежьащ, хъуржынхэр я пл1эм ирал1ъхьэри. Таурыхъ гъэщ1эгъуэнхэр жа1эжу, зэдэгушы1эу к1уэрти, гъуэгур нэхъ к1эщ1 ящ1ыхьурт. Загъэпсэхуну къ1ущ1ыуы1эм, Хьэлэлым и хъуржыным ерыскъы к1ырихащ. Нэпсеймрэ жи1ащ къ1ыздищтахэр гъэтІылъыгъэу къ1ыззригъэнэнур. Хьэлэлым, дауи, и ныбжьэгъур зэпымыуу3 здигъэшхащ.

Хьэлэлым къ1ыздищта шхыныр яуха нэужь, Нэпсеймрэ ар к1ыгъанэри, зы псалъи жимы1эу, и гъэзгу теувэжащ. Хьэлэлым ар и жагъуэ хъуауэ гъэзгу техьэжащ. К1ыфІ щ1ыхъум, нэху щигъэщ1ын к1ыл1ыхъуэну иужь ихьащ. Щхьэл бгынэжа гуэр щрихьэл1эм, абдеж к1ыщ1ыувы1ащ.

Зэрызехьэ макъым ар къ1ущигъэушым к1ылъэгъащ ял3ымыжьжьэу блэ щ1ыб мафІэм бажэр, дыгъужьыр, мыщ1эр зэрипэрысыр. Хьэлэлым зимыгъэхьейуэ щ1ылт, хуабжьу шынаэ.

- Зыгуэр к1ыджеІэж, - ел3ы1ауэ бажэм дыгъужьымрэ мыщ1эмрэ.

- Дэрк1э сэбэл зы1ымылъ, ауэ щ1ыхум к1ыхъэщ1хэпэнщ зи гугъу ныфхуэсщ1ынур, - к1ыригъэжьащ бажэм. - Щхьэл к1энауэм деж мывэшхуитІ щ1ылъ. Абы и л1ьабжьэм ил3 гъуэм дзыгъэу щопсэу. Дыгъэр к1ыщ1ыщ1эк1ік1э абы и гъуэм дыщэ к1ерхри, пщ1ихьэщхьэм щ1ехьэж.

- Иджы ч3зур ууейщ, - зыхуигъэзащ бажэм дыгъужьым. - Мо бгыщхуэм и щхьэм мэлхэр щохъуак1уэ, - жи1ащ дыгъужьым. - Абыхэм ящ1ыщ зым, зэрыхъшэу к1ьатемык1 цым хуэдизэ к1ьет. Мис ар ц1ыхум и щ1апхъэщ!

- Сэ сощ1э къалэ куэбжэм деж щ1ыт дэщхуей л1ьабжьэм хъ1ущ1ыуэфІыгъуэ зэрыщ1эл1ыр, - жи1ащ мыщ1эм.

Нэхущ1ым хьэк1эк1ъуэк1эхэр ежьэжри, абыхэм зи гугъу ящ1а хъ1ущ1ыуэфІыгъуэхэр Хьэлэлым зы1эригъэхьащ ик1и мэлыхъуэхэм я деж къ1ущ1ищ1эхуащ мэл цыфІэр. Ар унэм я3к1уэжри, зыхуэныкъуэ щ1ымы1эу псэуу3 щ1идзащ.

Нэпсеймрэ къигъэзэжащ. Ар гугъу ехьат ик1и фейцейуэ хуэпат. Унэм абы къ1ущ1ыжрал3ащ гъэзгум къ1ыдытетам къ1ехъуІ1ахэр.

Е1уанэ махуэм Нэпсеймрэ Хьэлэлым деж к1уэри хуэтхъэусыхэр: - Къэрал куэд къ1ызэхэск1ыхьащ сэ ик1и дэни гузэвэгъуэрэ бэлыхьрэ щ1ысщэчащ. Уэ насыпыр дауэ къэбгъуэта, си къуэш?

Хьэлэлым и І1эхур къ1ызэрек1уэк1ар абы зыри димыгъэхуу хуиІуэтэжащ ик1и и хъ1ущ1уэфІыгъуэхэмк1э дзгъэшащ.

Щ1алагъэм и щэху

Пц1ыуэ шэч зыхуэпщ1ыр уи фІэщ умыщ1

Зэгуэрым ц1ыхум къуалэбзур къ1иубыдащ. Ар къелъэІуу щ1идзащ:

- Сыт сызэрыпщ1ынур? Си лымк1э уи шхалъэр пхуэгъэнщ1ынукъым, сыуТ1ыпщ1ыжи нэхъыфІщ. Абы щхьэк1э къ1ипхуэщхьэпэну чэнджэщ1ищ уэстынщ.

Ц1ыхур арэзы хъури, къуалэбзур иуТ1ыпщ1ыжащ.

- Си яп3 чэнджэщ1ым къедалуэ, - жи1ащ абы. - Пц1ыуэ шэч зыхуэпщ1ым арэзы утемыхъуэ. Пщ1ам ущ1эмыфыгъуэж, - пищащ къуалэбзум, - зэгъащ1э, си тэмакъым джэд джэдык1эм хуэдиз хъу дыщэ зэрытенар. СыбукІамэ, къулей хъунут.

- Сыту сыделэ! - щ1егъуэжауэ къ1ыхэк1иик1ащ ц1ыхур.

Къуалэбзум л1ъэтэжыну зигъэхьэзыращ.

- Уи ещанэ чэнджэщ1ыр-щэ? - к1иящ ц1ыхур.

- Я3эрей чэнджэщ1тІми акъ1л к1ыхэпхакъым. Къуалэбзу ц1ыкІ1ын и тэмакъым джэд джэдык1э хуэдиз хъу дыщэ дауэ зэрытенэнур? Пц1ыуэ шэч зыхуэпщ1ыр уи фІэщ умыщ1 ик1и пщ1ам ущ1эмыфыгъуэж - аращ су ещанэ чэнджэщ1ыр, - жи1эщ, къуалэбзуми, л1ъэтэжащ.

Зы къуажэ гуэрым щхьэлтет щ1ыпсэурт. Ар ц1ыху пэжт, захуэт. И пщ1энтІэпс хьэлэлк1э къимылэжьар абы и хьэрэмт ик1и иужьрей хьэжьгъэ І3мыщ1эмк1э хуэныкъуэхэм ядэІэпыкъуну хьэзырт.

Зэгуэрым абы щхьэл к1энауэр здигъэкъабзэм, псыежэхым кърихьэх мы1эрысэ хъуар къ1ыэщ1эльэгъащ. Ар зэрилъагъуу ишхыну ехъуэпсащ, ауэ егупсысащ: «А мы1эрысэр къ1ущ1ызмы1гъэк1ак1э сшхыну сыхуитхъым». Ауэ мы1эрысэм и дахагъым ар апхуэдизк1и итхьэкъуати, къ1ыздик1ар зэхигъэк1ыну мурад ищ1ащ. Щхьэлтетыр к1энауэм дэту псыежэхымк1э дригъэзэеуэ здэк1уэм, зы л1ыжь жьак1эху хуэзащ.

- Уи махуэ фІыуэ, нэхъыжьыфІ! Мыпхуэдэ мы1эрысэ дахэхэр къ1ущ1ык1ыр уи хадэу п1эрэ?

- Хьэуэ. Ахэр къ1ущ1ык1ыр псыежэхым и Іуфэм у1ыту иджыри т1эк1у удэк1уэтеймэ узыхуэзэну си къуэш нэхъыжьым и хадэрщ.

Щхьэлтетыр адэк1э щ1ык1уэм зы нэхъыжь жьак1эху І1ущ1ащ.

- ФІэхъуэ апщий, нэхъыжьыфІ! Псыежэхым нэхъ и щ1агъымк1э щ1ыпсэу нэхъыжьым урик1уэшкъэ уэ? Уи жьг хадэракъэ къ1ызэрык1ар мы мы1эрысэхэр?

- Ар пэжу си къуэш нэхъыщ1эщ. Мы мы1эрысэхэр къ1ущ1ык1ар нэхъ ищхьэк1э удэк1уэтеймэ щ1ыпсэу ди къуэш нэхъыжьым и хадэращ.

Зэман дэк1а нэужь, щхьэлтетыр ирихьэл1ащ зы тхъуГи зыхимыдза л1ым.

- Уи махуэ фІыуэ! Уи жьг хадэр армыраУэ п1эрэ мы мы1эрысэхэр къ1ызэрык1ар? Нэхъ и л1ъабжьэмк1э щ1ыпсэу зэкъуэшхэм уранэхъ жьк1ъэ уэ?

- НэхъыфІыжу! Пэж дыдэу зэкъуэшхэм сранэхъ1ыжьщ. Мы мы1эрысэхэр къ3зигъэк1ари сэращ. Къеблагъэ, гъэгурыкІуэ, хьэщ1э усщ1ынщ.

Щхьэлтетыр ар3эзы хъури, еблагъащ.

- Щхьэгъусэ, І3нэр къ1ытхуэгъэхьэзыр. Хъарбыз нэхъ хъуа къ1ыхэпхынуи зыщ1ымыгъэгъупщэ, - жи1ащ къуэш нэхъыжьым, унэм здыщ1ыхьэм.

Абыхэм шхэн яуха нэужь, щхьэгъусэм хъарбызыр къ3хуихьащ. Бысымым ар зэгуигъэжри, жи1ащ:

- Мыр хъарбыз мыхъущ, нэхъыфІы1уэу къ1ытхухэх!

И щхьэгъусэм хъарбыз хэпл1ыхьа къригъэхьыну тхуэ игъэк1уа нэужь, иужьрейм къ1ытеувы1ащ.

Щхьэлтетым бысымхэм фІыщ1э яхуищ1ри, щ1эупщ1ащ:

- Хьэщ1агъэ, хабзэ зыдэсл1ъэгъуа нэхъыжь, зы упщ1эк1э зыпхуэзгъэзэну хуит сыкъэщ1. Зэкъуэшхэм я нэхъыжьым жьыгъэм апхуэдэу зэрызыщ1ипхъумэфам сыт и щэхур?

- Си щхьэгъусэр хъарбызыхьэ тхуэ зэрызгъэк1уар пл1эгъуащ. Т1ури абы щхьэк1э зы1мащ1эк1и дык1ъэгубжьакъым. Си щхьэгъусэмрэ сэрэ зэгурыІуэ ди зэхуаку дэлъу ильэс зыбжанэ хъуауэ дыздэдпсэу, зыри зэран къ1ытхуэмыхъуу. Си къуэш нэхъыщ1эхэм, ди жагъуэ зэрыхъунщи, ар зрагъэхъуІ1эфакъым.

Апхуэдэу щхьэлтетым щ1алагъэм и щэхур къ1ищ1ащ ик1и и щхьэгъусэм мамыру, зэгурыІуэу дэпсэуащ. Зэрыжа1эжьмк1э, ильэсищ1эм щхьэдэха нэужьи, абы и щхьэцым зы тхъуГи хидзатэкъым.

Хъанымрэ пщащэ Іущ1ыцэмрэ

Зы хъан хьилэшы, бзаджэ псэурт. Зи щхьэхуитыныгъэр и Іэмыщ1э илъ ц1ыхубэм абы гузэвэгъуэ куэд яригъэшэчащ. Зэгуэрым хъаным къ1ыхилъхьа унафэхэр ц1ыхухэм лъагъэІэсыну пщэрылъ ящ1ащ.

- Зи щ1ыхьыр ин хъаным, - к1иящ гъуэхэр, - хъаныгъуэм хьихьэхэм я бжьгъэр къ1ыхитхык1ащ ик1и дэтхэнэми уп-щ1ищк1э захуигъэзэнущ. Жэуап пэж къ3зытхэр мамыру иутІ1ыпщ1ыжынущ, адрейхэр щхьэпылъэ ищ1ынущ.

Ар зэхэзыха ц1ыхубэр абы хущ1эбжэу щ1адзащ. Ауэ, къару зыбгъэдэлъыр хъаныр, псори ч3зуэ уардэунэм к1ІуэУ-рэ жэуап ятын хуей хъуащ. Зэрыжа1эжьмк1э, абы щ1ыгъуэ куэд щхьэпылъэ ящ1ащ. Зыпхъу закъуэ зи1э тхъэмыщк1э гуэрым и ч3зур к1ыщ1ыблагъэм, ар нэщхьей къхъ1ущ1ащ. И пхъум жеІэ:

- Унэм къанэ, ди адэ, сэ хъаным и деж сыкІуэнщи, и упщ1эхэм жэуап естынщ.

Тхъэмыщк1эр яп3щ1ык1э абы ар3эзы техъуакъым, ауэ хъыджэбзым щытригъэчыныхьым, уардэунэм игъэк1уащ.

- Дауэ уэ мыбы укъыз3рык1уар, ц1ыхуб? - игъэщ1эгъащ хъаным.

- О, хъан! Си адэр сымаджэ хьэлъэ щ1ыхъум, абы и п1эк1э сыкъэк1уэну сытегушхуащ.

Хъаныр арэзы хъури, къеупщ1ащ:

- Сыт псом нэхърэ нэхъ жаныр? Сыт псом нэхърэ нэхъ псынщ1эр? Сыт псом нэхърэ нэхъ зауэр?

- Псом нэхъ жаныр - тхьэк1умэщ, нэхърэ нэхъ псынщ1эр - нэщ ик1и нэхърэ нэхъ зауэр - абы псори щ1агъуаз3щ - уи гуБжьырщ, хъан, пыгуфІы к1ыу жи1ащ хъыджэбзым.

Хъаным ар яутІ1ыпщ1ыжыну унафэ ищ1ащ, ауэ абы и п3к1э жи1ащ:

- Уи І1ущагъыр зыхуэдэр ищ1ынущ зэхэдгъэк1ынщ.

Е1уанэ махуэм хъаным тхъэмыщк1эм и пхъум зэрыІуэ машинэхэр хуригъэшащ, фэилъхьэгъуэ дахэхэр хуидыну унафэ хуищ1ри.

- Хъаным схужефІэж абы и унафэр зэрызгъэ3зщ1ынур, ауэ І1уданэфІ си1экъым. Мы мывэхэм І1уданэхэр къ1ысхухрещ1ык1, - жи1эри, хъыджэбзым мывэ хъуреишхуитІ хъыбарегъащ1эм ириташ.

Къ1ыкІэлъык1уэу хъаным и хъыбарзэхьэм дждык1э пщ1ык1ытху къ1ыхуигъэхьащ, къ1ык1элъык1уэ махуэм джэджьей пщ1ык1ытху к1ыригъэшыну к1ьалэн къ1ущ1ищ1ри.

Хъыджэбзым хъыбарегъащ1эм хъаным къ1ыхуигъэхьащ, къ1ык1элъык1уэ махуэм джэджьей пщ1ык1ытху к1ыригъэшыну к1ьалэн къ1ущ1ищ1ри.

Хъыджэбзым хъыбарегъащ1эм хъаным хьэ І3бжьыгу щ1ыхуигъэхьым, жи1ащ:

- Хъаным мы жьлэхэр хрыреси ґьавэр пщэдей къ1ытрырехьж, армыхъумэ, джэдхэр Іус щхьэк1э л1энк1э шынагъуэ щ1ы1эщ.

Хъаным абы и жэуапыр къ1ущ1эрыхьэм къ1ыгурыІуащ хъыджэбзыр зэрыакъылыфІэр ик1и абы пэдзыжьын зэрыщ1ымыІэр. Абдежым щ1ащ1эдзауэ щ1ыхубэр и щхьэзыфІэфІыгъэк1э иукІ1ын щигъэтыжащ ик1и, зэрыжа1эмк1э, ар мыгувэу дунейм ехьжащ. Хъыджэбзыр къуажэм дэс нэхъ щ1алэфІым щхьэгъусэ хуэхъуащ ик1и нобэр къыздэсым псэущ.

Таурыхъхэр зэзыдзэк1ар **ТЕКІУЖЬ Заретщ.**

ДАУР Иринэ:

Сэ фIыуэ сыкъыззэрыфлъагъур зырикIщ, фызэрслъагъум елъытауэ

● ДифI догъэтъапIэ

***Къэбэрдей-Балъкъэрым, Ингушым, Осетие Ипщэм щIыхь зиIэ я артистка, и макъ дахэмкIэ, утыку итыкIэ екIымкIэ щIыпIэ куэдым къыщацIыху Даур Иринэ иджыблагъэ и ныбжьыр илъэс бжыгъэ дахэ щрикъум ирихьэлIэу ди хьэщIэщым къедгъэблагъэри, ущIэ зыIожанэкIэ зыхуэдгъэзащ. ЩащIэм и Iофым зыхэзыщIэфхэм, бжьым хуэдизу абы къапиха епэрымкIэ зи дунейр зыгъэдзэкIэ зырызхэм ящыщщ Даурыр. ЗыIэригъэхьа екъуIэныгъэхэм Иринэ куэдрэ хуэкIуащ. Курыт еджапIэр къуиха нэужь, ар щIэтIысхьащ Налшык дэт макъам и училищэм (Щэнхабзэмрэ гъуэзджэхэмкIэ колледжым). Ар къиухащ, Тбилиси дэт къэрал консерваторэм макъамэмкIэ щIэныгъэ щIэныгъэгъуэгри, 1990 гъэм Налшык дэт Музыкэ театрым и солистхэу, Щэнхабзэмрэ гъуэзджэхэмкIэ колледжым и егъэджакIуэу уваща. Илъэс 28-м щIигъуау абы егъэджакIуэ IэщIагъэмрэ уэрэджыкIауэм и къалэнымрэ зэкIуу ирехьэкI. КъыхэзыщIыпхьащ адыгэ лъэпкъ оперэхэм, опереттэ зэмылIужькIыгъэхэм Даур Иринэ партие нэхъыщIыкIэр къыззэрыщIыкъгъэфэщаг. Уэрэджыкласкъэ бзыльхугъэр фIыуэ щалъагъур ди республикэм и закъуэкъым. Абы и зэфIэкIым пщIэ лъагэ къыщыхуащI ди лъэпкъэгъуэгэр куэду щыпсэу Тыркум, Иорданием, Сирием, Германием, Испанием, нэгъуэщI къэралхэм.*

- Илъэс куэд щIауэ бгъэбжьыфIэ утыкум и гъурри и щIынэри пльэгъуащ, ди республикэм и макъамэ гъуэзджэм езым и гъэзгу дахэ щыпхызышаэхэм ущыщыщ. Сыт хуэдизу щыта къэпкIуа творческэ гъэзгуанэр?

- Сэ профессиональнэ уэрэджыкIакIуэхэращ сызыхэтар, насып сиIэти, абы къыхэкIыуи, си зэфIэкIыр здынэсыр сщIэжу сыкъэкIуэкIащ. Сызыхэтэри музыкэ щIэныгъэ, гъэсэныгъэ зыбгъэдэлъ гупти зыми лъакъуэпэщIдз къыслхуищIакъым. Си щхьэкIэ игъащIэм зыми сефыгъуакъым, кьызэфыгъуаIауи гурыщхъуэ зыхуэсщIа щыIэжым. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, сэ насып зыхэслъагъуэм, гурыфIыгъуэ кьызэзытым нэхъра нэхъыбэ хуейт си хъуреягъыр. Сэ сыт щыгъуи жысIэрейц - щIыхь-хэм фIыуэ сыкъызэрагъэгъур мащIэ дыдэщ, езыхэр зэрыслъагъум елъытауэ. А дуней епльыкIэращ насыпыфIэ сызэщIыр.

Мыри кьыхэзгъэщIынут. Дунейм сыкъыщыптехьакъым Щэрий Иринэ хуэдэ хъун щхьэкIэ жаIэри си цIэр кьысфIащауэ щытащ. А дакъикъым щегъэжьауэ си гъуэгур убзыхуэ хъуат. Сэ сщIэжым щегъэжьауэ, зы махуэ си гъащIэм хэтакъым артистэ сыхъуну сыхуэмеёуэ. ИлъэситIу ныбжьым ситу сызэпщIыхьауэ щытащ нобэр кьыздэсым сигу ихужыркъым. Утыкум сит хуэдэти, си Iэхэм сеплъу - «Сыту дахэ дыдэ мы си Iэр», - жысIэу сызэрегупсысар. Курыт еджапIэм сыщIэсхуэу уэрэдз зэрысхужьIэр зыми къезгъэщIакъым, си хъуэпсапIэхэри дунейм кьыгъэзхакъым: сышынэрт ар зыгуэрым кьыспиубыдынкIе е кьысщIыдыхьэшхынкIэ. Сэ кьысфIаща цIэм кьызита гъуэгум сриарэзщIщ.

- Хуэгъэфэщауэ, уэрэд дапшэ хэт уи репертуарым?

- Аллергие узыфэр сызэриIэм кьыхэкIыу илъэс 15-м щIи'зауэ гъэмахуэм ди щIыпIэхэм сыщыпсэуфырыкъым, Тенджыз фIыцIэ Iуфэм сокIуэри, абы щыIэ зыгъэпсэхупIэхэм бзэ зыбжанэкIэ уэрэд щыжызоIэ. Абы кьыхэкIыу си репертуарыр ин хъуащ. Аращи, яхэтщ сэ езым стхьжаэри, ауэ нэхъыбэу жысIэр цIыхуэхэм сфIыуэ ялъэгъуэ уэрэдхэращ. А репертуар иным си псэм фIэмыкфIу, зыри яхэткъым - дэтхэнэри гъащIэм, щытыкIэм, зэхэщIыкI пыухыкIам теухуащ.

- Лъэпкъ эстрадэм и гугъу уэзгъэщIынут...

- Зи Iэщ1агъэм хуеджа уэрэджыкIакIуэр эстрадэм хуеIэркъым: езым и гъуэгу иIэжщи, абы тоувэри эстрадэр хуит мэхъу. Аращи, «Уэрэд згъэзэщIарэт!», жызыIэу хъуар утыкум кьоджэразэ, компьютеркIэ макъ «ящIри», дэнэ фадэ щIэстми «кьыщоудж». Абыхэм уатепсэлъыхьмэ, уефыгъэуэ кьызыщIыхьри щыIэщ, ауэ анхуэдэурэ гъуазджэм и пщIэр хэутэн ящI, уапэмыльэщу. Зы мызыкэм хуедгъаджэ щIалэгъуалэм едджэнэр Iэнэдзгъэлэл езыгъэщI щхьэусыгъуэхэм ящыщIу, щIэныгъэ зимыIэр утыкум иту, зиIэр кьуэгъэнапIэм кьуэту зэралъагъур.

- Ауэ щыхъукIи, сэ сыщыгъуазэщ уэ ебгъаджэ ныбжьыщIэхэр зэпеуэ зэмылIужьыгъуэхэм пшэуэ, абыхэм бжьыпэр щафбыду зэрыщытым. Уи гъэсэнэм ящыщу нэхъ къыхэжаныкIауэ хэт сымэ я щIэкъипIуэ хъуну?

- Си деж щеджакъуэ Бэрэгъун Марьянэ, Хьэцей Тимур, Уэзрокъуэ Чэрим, Мэз (Пщыунэ) Джульеттэ, Къудей Аскэр, Дыщэкl ФатIимэ сымэ ди республикэмкIи абы и адрыщIкIи къыщащIыху уэрэджыкIакIуэхэщ. Абыхэм я екъулIаIэхэм ябгъэдэтлъхьэр музыкэ щIэныгъэм и закъуэкъым, атIэ а гъэсэныгъэри зэредгъэфIэкIуэным дыхущIокъу. ЗэфIэкIым я нэхъ иныр бгъэдэлъми цIыхур мысащIэсамэ, псори фагъуэ щIохьукI. 9-11-нэ классхэр кьэзыуха ныбжьыщIэ цIыкIухэм гъащIэми цIыху хэтыкIэми хащIыкIыр мащIэ дыдэщ. Абыхэм къахэпщIыкIырщ къаухэкIыпуни, а зэман лъапIэр дымыутIыпщу хабзэ дахэр зэрахэтлъхьэным дыхущIэкъу зэпытщ. Мыри кьыхэзгъэщынут, ди жагъуэ зэрыхъунщи, иджы щыIэ щIэблэм я нэхъыбэм унагъуэм кьыщащтэн хуея гъэсэныгъэр яхэлъхьэн, куэдым телефоныем «исы» фIэкIа Iуэху яIэкъым. АбыкIэ гъэса хъуну ахэр? Ар хуабжьу сызыгъэпейтейщ. Абы кьыхэкIыу нэхъ тегъэчыныхьауэ дерсхэр ябгъэдзэлъхьэ, а сэ зыхуэзгъасэм хуэщIъхьыпэу гу зылъыстэр си классым щIызогъэкI. Гурэ-псэкIэ сызыбгъэдэт пэжыгъэр ягъэпытхъыщу сигу текуэнчкъыми.

Си дежкIэ творчествэм егъэджэныгъэ Iэхэри зэкIащIэпч мыхъун Iыхьитщ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, а сэ езгъаджэхэм я ехьулIэныгъэхэр сэ си хэхъущ икIи ахэр нэхъыбэрэ утыку кьизгъэхьэмэ, я зэфIэкIыр цIыхухэм кьезгъащIэмэ нэхъ кьыззощта. Сэ уэрэд жыIэнкIи утыку итынкIи хьэкъ кьыстенакъым. Иджы кьэкIуэнур зей щIэблэр утыкум кьишапхъэщ. Абыхэм я ехьулIэныгъэм сэ кьару ин кьысхелхъэ, си лэжьыгъэр пщIэншэ зэрымыхъуар, дяпэкIи а Iуэхум пыщIэн зэрыхуейр кьызгурегъаIуэ.

Си деж щеджакъуэ унагъуэ насып зэрагъэутми си дежкIэ мыхьэнэхуэ иIэщ. Хуабжьу сащогуфIыкI ахэр унагъуэ дахэ хъужауэ щыслъагъукIэ.

- Иринэ, уэ насыпыр сыт зыхэпIлъагъуэр?

Зы псалъэм кьыпхуигъэтIэсэну гупсысэкъым ар. ХъэзыгъэпэжкIи щIыху кьыббгъэдэту, абы хэупщIэр зэхищIыкIыу уэздэгъуэгурыкIуэныгъ, уи бынхэм я гуфIэгъуэ плъагъуу, абыхэм кьатепщIыкIыжам я Iофэ зыхэпщIу упсэунрыщ насыпыр.

- Уи творчествэр фIыуэ зыилъагъуэхэр зэман гъунэгъум сыткIэ бгъэгуфIэну?

- Си юбилейр щыдгъэлъапIэкIэ уэрэдитI ящIу утыку кьисхьэну си мурадщ. «Къафэ, къафэ адыгэ къафэ» уэрэдым и псалъэри макъамэри сэращ зыгъэтхар. Адрейр Шэрыкъуэ Аслъэн и псалъэкIэ зыщIэ «Лъагъуныгъэ» уэрэдымрэ.

- Уи гъащIэм и философиемкIэ укъыддэгуэшэн.

- Сыт щыгъуи фIы щIэн, зигу хагъэщIам гъащIэм и дэрэжагъэр кьыхуэзIухьи, хуэныкъуэм дэIэпыкIуэ - ахэращ дапшэри си гъуэзэр.

- ЦIыхухэм уаэрыдцэгуашэ гуапагъэмрэ лъагъуныгъэмрэ ущымыщIэу, уи гукъыдэжыр зыгъэкIуэщIын умыльагъуу, уи быным, абы къатепщIыкIыжам къару мыкIуэщI къуатрэ уи творческэ гъуэгуанэр ящIащIэу иджыри илъэс куэдкIэ лъэпкъ-эстрадзр бгъэбжьыфIэну дыпхуохъуахъуэ!

Епсэльар

ЩОМАХУЭ Залинщ.

● Владикавказ

Лъэпкъыбзэкlэ къыдэкl газетхэм я къэкlуэнум егъэпlейтей

Осетие Ищхъэрэ - Аланием и «Растдзинад» («Пэж») лъэпкъ газетым къыдэкIын зэрыщIидзэрэ илъэс 95-рэ щрикъум ирихьэлIэу иджыблагъэ Владикавказ къыщыззэрагъэпэщат «Лъэпкъ печатыр зэрыт щытыкIэмрэ абы зэрызебгъэужьыфыну Iэмалхэмрэ» фIэщыгъэм щIэт дунеипсо конференц гъэщIэгъуэн.

КАВКАЗ Ищхъэрэм лъэпкъыбзэхэмкIэ къыщыдэкI газетхэм я лэжьакIуэхэмрэ редактор нэхъыщхьэхэмрэ кьищынэмыщIауэ, абы кьирихьэлIат Якутием, Белоруссием, Москва кьалэм щыщ журналист цIэрыIуэхэр, политологхэр, журналистикэм хуеджэ ныбжьыщIэхэр. Ди республикэм и цIэкIэ а конференцым хэтыну ирагъэблагъат «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **ХьэфIыщIэ Мухьэмэдэрэ** «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и унафэщI, усакIуэ **Аущхан Руланрэ**.

Осетие Ищхъэрэ - Аланием лъэпкъыбзэкIэ къыщыдэкIыр «Растдзинад» газетым и закъуэщ. Абы и ялъэ ныбжьыр 1923 гъэм гьатхэпэм и 14-м дунейм кьыгъэхьауэ щытащ. ГъэщIэгъуэнраквэ, къыдэкIын зэрыщIидзэрэ а газетым и цIэр зэи яхъуэжакъым. Абы и щIэджыкIакIуэхэм я пащхьэ иралъхьэ зэпытщ тхыдэм, хабзэм теухуа тхыгъэ купщIафIэхэр, республикэм и политикэ, социально-экономикэ, щэнхабзэ хъыбархэр, я щIынальэм щыщIэрыIуэ цIыхуэхэм ятеуухуа тхыгъэ гъэщIэгъуэнхэр.

- Лъэпкъ печатым и кьалэнымрэ мыхьэнэмрэ кIуэ пэтми нэхъ льагэ мэхъу. Абы и увыпIэ щхьэхуэ зызыужь дунейм щегъэгъуэ зытыпкъ, и пщIэр лъэхъщэ мыхъуу зэтеIыгъэным теуухуа псалъэмакъ щхьэпэм кьырихьэлIа псоми фIыщIэ яхуэщI. Щыгъуэ-хэм я гум льэпкъ гупсысэ кьыщыгъэужьынымкIэ лъэпкъ печатым игъэзащIэ кьалэнхэм кIэщIу тепсэлъыхьащ ар.

Лъэпкъ печатыр зэрыт щытыкIэмрэ абы зэрызебгъэужьыфыну Iэмалхэмрэ теухуауэ ди къуэш республикэм щекIуэкIа конференцым теухуа тхыгъэ ди газетым и кьыкIэлъыкIуэ номерхэм ящыщ зым кьыгтехуэнущ.

ИНЭРОКЪУЭ Данэ.

● Тэрч щIынатъэ

Тхылъыр зи Iэпэгъуэхэр

Тэрч щIынальэм и курыт еджапIэхэм щекIуэкIащ «Псэкlэ зыхэпщIэ классикэ» фIэщыгъэм щIэт IV урысейпсо зэхьэзэхуэм и щIыналъэ зэпеуэ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ хэтащ курыт школу 19-м щыщу литературэр фIыуэ зыльагъу еджакIуэ 44-рэ. ЦIыкIуэхэр лъэныкъуэ куэдкIэ зэпеуащ: тхыгъэхэр тэмэму кьыхэхьныжьмкIэ, ахэр зэпкърыхьныжьмкIэ, тхакIуэхэм я Iэдакъэщ1экIэхэм кьеджэныжьмкIэ. Псом хуэмыдэу удихьэхыу сценэм щагъэззэщащ художественнэ тхыгъэхэм кьытращIыкIа телепъсэгъуэхэр. «Псэкlэ зыхэпщIэ классикэ» зэпеуэм фIым я фIыжу зыжьыщагъэпэгъэщащ Тэрч кьалэ дзт курыт школ №3-нэм, Борыкъуей, Инэрыкъуей кьуажэхэм я МКОУ СОШ-хэм я еджакIуэхэм.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Iэпщlэлъапщlэ ди куэдщ

Iэрыкl телъыджэхэр утыку къыщрахьащ щыхубэ Iэпщlэлъапщlагъэмрэ прикладной гъуэзджэмкIэ гъэлъэгъуэныгъэм. Ар къыззрагъэпэщащ къэрэшей-балъкъэр щlалэгъуалэм я зэфIэкIым зегъэужьыным телажьэ «Эльбрусоид» фондымрэ Къэбэрдей-балъкъэр къэралуниверситетымрэ.

«ЭЛЬБРУСОИД»-м Налшык щIиIэ къудамэм и унафэщI Анаев Марат хьэщIэхэм фIэхъус ярихри, жиIащ: «Илъэс ещанэхьуауэ ди республикэм щокIуэкI Лъэпкъ щэнхабзэхэм я фестиваль. Дэ кьызыдогъэпэщ ди щIынальэм щыпсэу лъэпкъхэр нэхъыфIу кьыщащIымкIэ сэбап хъу зэIущIэ зэмылIужьыгъуэхэр. Мы гъэм дыкьытеувыIащ цIыхуб Iэпщ1элъапщIэхэм я Iэдакъэщ1экIэхэм я гъэлъэгъуэныгъэм. КъБКъУ-м щIыщедгъэкIуэкIри гурыIуэгъуэщ: ар республикэм и еджапIэ нэхъ ин дыдэщ икIи абы щоджэ зи щэнхабзэкIэ, хабзэкIэ зэщхьэщыкI лъэпкъхэм кьаухэкIа студент мин бжьыгъэхэр».

Зи лэжьыгъэхэр ягъэлъагъуэ Iэпщ1элъапщIэхэм ехьулIэныгъэ яIэну, я зэфIэкIым хэхъуэ зэпыту псэну ехьэхъуащ КъБР-м граждан жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ лъэпкъхэм я IэхухэмкIэ и управленэм и унафэщI КIурашин Анзор.

Гъэлъэгъуэныгъэм ущеплъыфынут арджэн, алэрыбгъу зэмылIужьыгъуэхэм, пхъэ хьэкъущIкъуэхэм, бзылъхугъэхэм зэрызагъэдахэ зэпыщIэхэм, лъэпкъ дамыгъэхэр зытет щхьэнтэ,бохьшэ, хьуржын цIыкIуэхэм, дыщэмрэ дыжьынымрэ кьыхэщIыкIа цIыкIуфэкIуэхэм, нэгъуэщI хьэпшып дахэ зи щэнхабзэкIэ, хабзэкIэ зэщхьэщыкI лъэпкъхэм кьаухэкIа студент мин бжьыгъэхэр».

Зи лэжьыгъэхэр ягъэлъагъуэ Iэпщ1элъапщIэхэм ехьулIэныгъэ яIэну, я зэфIэкIым хэхъуэ зэпыту псэну ехьэхъуащ КъБР-м и управленэм и унафэщI Кьуныжь Заирэ.

Зыгъэгъэхъэрэ зэпыщIэхэм я лэжьакIуэхэмрэ я ныбжьыщIэхэмрэ я гъэсэныгъэ, я яригъэлъэгъуащ дыщэидэм и щэхуэхэр. Жьжь-ижьжьх лъандэрэ лъэпкъым къыдэгъуэгурыкIуэ Iэщ1агъэм езыр зэрыхьэрыхуэр зригъэщIэну хуей дэтхэнэми Iэмал иIащ.

Ялъэгъуэ хьэпшыпхэм я дахагъэмрэ ахэр зыщIахэм я зэфIэкIымрэ хьэщыкъ ищIауэ зэбгрыкIыжащ зэIущIэм кьрихьэлIахэр.

СОЛГАЛОВЭ Наталье,
КъБКъУ-м и пресс-IуэхущIапIэм и лэжьакIуэ.

Ди гъуащхьауэхэм загъэпсэхурэ?

● Футбол

«Анжи-2» (**Мэхъэчкъалэ**) - **«Спартак-Налшык» (Налшык) - 1:0 (0:0). Каспийск. «Анжи Арена» стадион. Мэлыжьыхьым и 28-м. ЦIыху 50 еплъащ.**

Судьяхэр Стрельцов (Дон Iус Ростов), Харченко (Астрахань), Даниленко (Волгоград).

«Анжи-2»: Герасимов, Исаев, Юсупов, Халимбеков, Магомедов (Закиров, 75), Яхьяев, Хамнуразев, Темуков, Агабалаев (Муртузалиев, 80), Шихбабаев, Андреев (Шихаев, 66).

«Спартак-Налшык: Щоджэн, Лелюкаев (Кьурмэн, 76), Тебэрды, Ольмезов, Абазэ, Мэшыкъуэ (Газаев, 68), Михайлов (Дзхъу, 46), Шаваев, Каркаев, Машэкъ (Ашу, 46), Бацэ.

Топыр дигъэкIащ Темуковым, 51 (1:0).

Дагъуэ кьыхуащIащ: Агабалаевым, Яхьяевым, Шихбабаевым, Дзхъум, Каркаевым.

Джэгум кьыхахуащ Шихбабаевымрэ Дзхъумрэ.

ТУРНИР таблицэм и кIэух увыпIэхэм ящыщ зым зыщызыгъэбыда «Анжи-2»-м текIуэну дыщыгугъыу «Спартак-Налшыкыр» Каспийск кьалэм едгъэжьат. АрщхьэкIэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, апхуэдэу къэхуэкъым.

Хэгъэрейхэм я пэщIэдзэ ебгъэрыкIуэныгъэхэр Iэзэу ягъэупщIыIури, налшыкдзэхэм тепщэныгъэр псынщIэ дыдэу яубидат. Зыр адрейм кьыкIэлъыкIуэу абы хэдгъэзыпэжьыр бжьыгъэ кьызэрагъэпэщырт бжьыгъэр кьызэIуахьи папщIэ. Кьапщтэмэ, епщыкIуплIанэ дакъикъэм Мэшыкъуэр зэуа топыр «Анжи-2»-м и гъущхьэтетыр ерагъэкIэ угловойм игъэкIуауэ аращ. Дакъикъэ зы-тIу нэхъ дэмыкIыу Тебэрдыр кьыхэжаныкI пэтащ. ЩхьэкIэ ар зэуа топыр зы мащIэ дыдэкIэ гъуэм хуэзакъым. Машэжьми бжьыгъэ кьызэIуихьфынут, нэхъ пъэщыIуэу ауэтэмэ. А кьомым и жэуапу джэгум и япэ Iыхьэм хэгъэрейхэм кьыпагъэувыфар зы закъуэщ - Агабалаевым и упIаща топыр гъуэм и пкъом техуащ.

Загъэсэхуу кьызэрихьэжу «Анжи-2»-м аргуэру зричащ. Мыгувэу абы екъулIэныгъэ кьыхихьащ. Метр тIощI хуэдизкIэ пэжыжьэу Темуковыр ди гъуэм лъэщу кьеуащ икIи Щоджэным абы зыри хуещIакъым - 1:0. Хэт и гугъэнт а топ закъуэм и зэранкIэ «Спартак-Налшыкым» фIахьэхуну? Хэгъэрейхэм я гъуэр къэрагъэтIылъэкIа пэтми, ди щIалэхэм ар яхуэхъэщIакъым. Уеблэмэ абыкIэ сэбэп хъуакъым «Анжи-2»-м и футболистхэм ящыщ зы ирахуу дыдейкэр дакъикъэ тIощIым 1:1, **«Iэфlыпс»** (Iэфlыпс) - **«Ангушт»** (Нэзрэн) - **5:0**, **«Дружба»** (Мейкьуапэ) - **«Краснодар-2»** (Краснодар) - **3:1**, **«Черноморец»** (Новороссийск) - **«Динамо-Ставрополь»** (Ставрополь) - **5:0**.

КьыхэлъэлыкIуэ джэгугъуэр «Спартак-Налшыкым» и стадионым щригъэкIуэкIынущ. Пщэдей, накъыгъэм и 4-м, абы кьриугъэблагъэнущ мыгъэрей зэхьэзэхуэм пашэныгъэр щыслыIыгъ «Iэфlыпсыр».

ЖЫЛАСэ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	**«Iэфlыпс»**	**27**	**22**	**4**	**1**	**63-13**	**70**
2.	«Армавир»	27	20	6	1	60-15	66
3.	«Краснодар-2»	26	14	5	7	53-29	47
4.	«Дружба»	28	14	4	10	33-39	46
5.	«Чайка»	27	13	7	7	40-23	46
6.	«Черноморец»	27	12	6	9	39-24	42
7.	СКА	28	11	8	10	39-31	41
8.	**«Спартак-Налшык»**	**27**	**10**	**10**	**7**	**33-21**	**40**
9.	«Легион Динамо»	27	10	7	10	26-23	37
10.	«Академия»	27	9	6	12	22-40	33
11.	«Биолог-Новокубанск»	27	9	6	12	25-35	33
12.	«Мэшыкъуэ-КМВ»	27	8	7	12	23-27	31
13.	«Ангушт»	27	7	7	13	28-46	28
14.	«Спартак-Владикавказ»	26	6	5	15	20-37	23
15.	«Динамо-Ставрополь»	27	6	5	16	32-61	23
16.	«Анжи-2»	28	5	5	18	24-50	20
17.	«Кубань-2»	27	4	2	21	19-67	14

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ КъБР-м и Парламентым и документ кьызэрагъэпэщыныгъэмкIэ и управленэм и унафэщI **Кьуныжь Заирэ Къазбэч и пхъум** хуогуавэ и адэ **Кьуныжь Къазбэч Батырбэч и къуэр** дунейм зэрехьэм кьыхэкIыу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ КъБР-м и Парламентым и унафэщI **Кьуныжь Заирэ Къазбэч и пхъум** хуогуавэ и адэ **Чеченов Борис Уэрэсэт и къуэр** зэрылIам кьыхэкIыу.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЩIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

Жьэкlэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **ЖылаСэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Зылэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Нэмlэ-пыдж Замирэ, Хьэжьыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщl Иэ.**

Эзыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхьумэ Iуэхущ1апIэхэм я дэлэжьэныгъэмкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэхтеху зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынымрэ и пщэ дэльщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дышэкl Соня,** *редактор* **Жыласа Заурбэч,** *корректорхэру* **Афэ Тамарэ** *(3, 4-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Аллэмэт** *(1, 2-нэ нап.), корректорхэм я дэлэжьэныгъэ* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Щомахуэ Марианнэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанпэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьазырац.
Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рц.

Индексыр 51531 ● Тираж 2.049 ● Заказ №436